Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№31 (24.937) • 2026 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 14, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ



# Куэд къапэщылъщ мы илъэсми

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ди республикэм и къалащхьэ Налшык дыгъуасэ лэжьыгъэ Iэухукlэ щыхуэзащ УФ-м и Президентым Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щиIэ полномочнэ лIыкIуэ Чайкэ Юрий. КъулыкъущIэхэр тепсэлъыхьащ ди щIыналъэм щыщыIэ щытыкIэм.**

ЗЭIУЩIЭМ зэрыщыжаIамкIэ, ди республикэм и экономикэм зиужь зэпытщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, мэкъумэш IэнатIэм къыщалэжь продукцэм, илъэс блэкIам еплъытмэ, процента 4,6-кIэ хэхъуащ, промышленностым - процента 4,1-кIэ, сату Iуэхум процента 8-м нэскIэ зиужьащ. БлэкIа мазитIыр къапщтэмэ, республикэ бюджетым хэхъуэу иIар процент 20-кIэ нэхъыбэщ, нэгъабэрейм еплъытмэ.

ЩIыналъэм ику иту къыщалэжь улахуэм процент 12,5-кIэ хэхъуащ икIи лэжьапщIэр ику иту сом 53251,6-м нэсащ. ЦIыхухэм хэхъуэу яIэр процента 9,6-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Мы илъэсым къриубыдэу яубзыхуа социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэм ящыщщ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэу ядэIэпыкъунымкIэ и министерствэм къыбгъэдэкIыу цIыху щхьэхуэхэм иратыну сом мелуан 600,7-р, егъэджакIуэхэм я улахуэм дыщIагъуну мелуан 874,7-р.

Лъэпкъ проектхэр къызэрыхалъхьэ лъандэрэ блэкIа зэманым къриубыдэу республикэм дапщэщи ехъулIэныгъэкIэ щагъэзащIэ абыхэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр, КИФЩI-м щыпашэхэм ящыщу. БлэкIа илъэсым къриубыдэу гъэзэщIа хъуащ мураду зыхуагъэувыжауэ щыта унэтIыныгъэ 84-м ящыщу 83-р. Планым къыщыгъэлъэгъуауэ щыта объекти 105-м ящыщу псори и чэзум ятащ. А ехъулIэныгъэхэр къапэкIуащ федеральнэ гъэзэщIакIуэ IэнатIэхэмрэ щIыналъэм и министерствэхэмрэ тэмэму зэрызэдэлажьэм.

Дызэрыт илъэсми республикэм лэжьыгъэ куэд къыпэщылъщ: лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным хухахащ мелард 14,8-рэ. Ахэр трагъэкIуэдэнущ объекти 130-м щIигъум щрагъэкIуэкIыну ухуэныгъэхэм, зэгъэпэщыжыныгъэ, егъэфIэкIуэныгъэ лэ-жьыгъэхэм. Апхуэдэхэщ сабий гъэсапIэхэр, еджапIэхэр, колледжхэр, медицинэ, спорт, щэнхабзэ IуэхущIапIэхэр, гъуэгу IэнатIэр, егъэфIэкIуэныгъэ Iуэхухэр. КъинэмыщIауэ, техникэ и лъэныкъуэкIэ ирагъэфIэкIуэнущ социальнэ IэнатIэу 250-рэ.

КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ ин хуищIащ Чайкэ Юрий ди щIыналъэм къыхуищI гулъытэм щхьэкIэ, ди республикэм и цIыхухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэмрэ программэхэмрэ тэрэзу гъэзэщIа хъунымкIэ сэбэп зэрыхъум папщIэ.



АшIогъэшIэгъонэу зэрагъашIэ

4-нэ нап.



ЗэгурыIуэрэ зэхэзагъэу

9-нэ нап.



Псэм пэгъунэгъу мэхъу

11-нэ нап.

*Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьэлIэу нобэ къыфIэрыхьа «Адыгэ псалъэ» (Къэбэрдей-Балъкъэр), «Адыгэ макъ» (Адыгей), «Черкес хэку» (Къэрэшей-Шэрджэс) газетхэм я зи чэзу номер зэхэтыр тедухуащ ди анэдэлъхубзэм иджыпсту и щытыкIэмрэ абы дихьэхыу ар зэзыгъэщIа икIи ирипсалъэ нэгъуэщI лъэпкъхэм (урысхэм, балъкъэрхэм, японхэм, журтхэм, нэмыцэхэм, итальянхэм...) къахэкIахэмрэ.*

Адыгэ макъ

Черкес хэку

Лъэпкъ газетхэм я къыдэкIыгъуэ зэхэт

ДАХ-м и тхьэмадэм и хъуэхъу

# ЩIэблэхэм къадогъуэгурыкIуэ

СИ ЛЪЭПКЪЭГЪУ лъапIэхэ! Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым, си щхьэм къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу Адыгэ тхыбзэм и махуэмкIэ.

Анэдэлъхубзэр дызэрызэгурыIуэ бзэ къудейкъым, атIэ ижьижьыж лъандэрэ къыддекIуэкI, щIэблэхэм зэIэпахыу къыддэгъуэгурыкIуэ фIыгъуэщ, Iущагъщ, хабзэщ. Абы лъэпкъыр зэкъуегъэувэ, адыгэм и тхыдэмрэ бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ ехъумэ.

Дэтхэнэ зы лъэпкъми и бзэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ абы и щэнхабзэм. Дэ дропагэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым ди лъэпкъыбзэр къэралыбзэу къызэрыщалъытэм. ЕгъэджакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм, хэкупсэ жыджэрхэм я фIыгъэкIэ адыгэбзэр нобэ щадж курыт школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, абы иропсалъэ адыгэу зыкъэзылъытэж цIыху нэсхэр.

ДяпэкIи зедвгъэгъэубгъу ди бзэм зиужьыным, къыдэкIуэтей щIэблэм ар ящIэным теухуауэ екIуэкI лэжьыгъэхэм.

Урысейм ис лъэпкъ псоми я анэдэлъхубзэр Тхьэм иригъэфIакIуэ!

МахуэшхуэмкIэ сынывохъуэхъу!

**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,**
*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*

# Адыгэбзэм и IэфIыр зыхозыгъащIэ



**«Бзэр лъэпкъым и псэщ», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Абы зегъэужьыным, и пщIэр къэIэтыным, щIэблэм егъэщIэным темылажьэ зы лъэпкъи щыIэу къыщIэкIынкъым.**

ДУНЕЙПСО Адыгэ Хасэм Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьэлIэу илъэсий хъуауэ къызэрегъэпэщ адыгэбзэмкIэ Iуэрытхыр, абы хэтщ къулыкъущIэхэр, жылагъуэр, студентхэр, унэгуащэхэр, сабийхэр, нэгъуэщIхэри. Уеблэмэ дунейпсо мыхьэнэ игъуэтауэ жыпIэ хъунущ, абы хэтщ хамэ къэрал куэдым щыхэхэс ди лъэпкъэгъухэри. Мы гъэм Iуэрытхыр жыджэру щатхащ Мейкъуапэ, Черкесск, Ставрополь, Мэздэгу, Москва, Санкт-Петербург, Красноярск, нэгъуэщI къалэхэми.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу анэдэлъхубзэм хуищI пщIэмрэ абы теухуауэ иIэ щIэныгъэмрэ зыгъэлъэгъуэну тегушхуахэр щызэхуэсащ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм, КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым. КъищынэмыщIауэ, курыт еджапIэхэмрэ район библиотекэхэмрэ щызэхуэсахэм я бжыгъэри мащIэкъым.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

# Адыгэбзэм и ІэфІыр зыхозыгъащІэ





*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

Iуэхум хэтахэм къызэрыхагъэщащи, апхуэдэу зэуIуа Iуэрытхым лъэпкъым иджыри зэ зыхригъэщIэнущ ди бзэм и лъапIагъыр, ар хъумэным, зегъэужьыным хуэтщI гулъытэр, анэдэлъхубзэм иIэ мыхьэнэр.

Iуэрытхыр гъэ къэс зытеухуауэ щытыну Iуэхугъуэр, зи тхыгъэ утыку кърахьэнур, абы къеджэнур яубзыху къызэгъэпэщакIуэхэм. 2026 гъэм ар траухуащ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым. Къыхахар Теунэ Хьэчим и «Псэм и IэфIыр къуатмэ» и романым щыщ пычыгъуэщ.

Мыр бзэр, тхыдэр, хабзэр щаIэт махуэшхуэхэм ящыщ зы зэрыхъуар къигъэлъагъуэрт цIыхубэр нэжэгужэу къызэрызэхуэсым. Утыку нэхъыщхьэхэм щызэрихьэлIащ зи лъэпкъыбзэм хуэфащэ пщIэ хуэзыщIхэр, зи зэфIэкI зыгъэунэхужыну жэрдэм зиIэхэр, IэщIагъэ, къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэм пэрытхэр. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, КъБКъУ-м диктант щызытхахэм яхэтт профессорхэр, егъэджакIуэхэр, журналистхэр, студентхэр. Iуэху дахэр къызэгъэпэщакIуэхэм екIуу даIыгъащ КъБКъУ-м и Социально-гуманитар институтым Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Къардэн Мусэдинрэ абы щылажьэ егъэджакIуэхэмрэ.

Iуэху дахэр къыщызэIуихым, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ Iуэхухэмкlэ щыIэ советым хэт, Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблеем и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Сэхъурокъуэ Хьэутий жэрдэмрэ гукъыдэжрэ зиIэу диктант зытхыну, лъэпкъ Iуэхум зи гуащIэ хэзылъхьэну къызэхуэса псоми фIыщIэ яхуищIащ.

- Адыгэ щыпсэу щIыналъэ, къалэ псоми щатх адыгэ Iуэрытхыр. Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къыщызэхуэсахэм зэрызыфхуэзгъэзэнур зыщ - ди лъэпкъ тхыдэр, щэнхабзэр, бзэр иджыри къэс къызэрыддэгъуэгурыкIуэм хуэдэу, ар фи Iэпэгъуу фи гъащIэ гъуэгуанэр фкIуну Тхьэм жиIэ. Президент Путин Владимир сытым дежи жиIэ зэпытщ дэтхэнэ лъэпкъми и бзэр, хабзэр, анэдэлъхубзэр ихъумэн зэрыхуейр, ауэ щыхъукIэ, дэри дыхущIэкъупхъэщ Урысейм и лъэр зыгъэбыдэ, къэралым и фIыгъуэу къалъытэ а щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм дахуэсакъыну, лъэпкъ зэныбжьэгъухэр тхъумэну. Мы гъэр, фызэрыщыгъуазэщи, Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсщ. ДяпэкIэ зэманым къытхуигъэув гугъуехьхэмрэ Iуэхугъуэхэмрэ зэфIэзыхын хуейуэ зи пщэ къыдэхуэнур фэ щIалэгъуалэращи, сыхуейт мыхьэнэ зиIэ а Iуэхугъуэхэм фыхуэнабдзэгубдзаплъэу, лъэпкъ Iуэхуу кърахьэжьэм фыхуэжыджэру, ди къэралышхуэм ифI зыхэлъ жэрдэмхэр дэвгъэкIыным фыхуэпабгъэу фыпсэуну.

Къапщтэмэ, Iуэрытхыр дунейпсо махуэшхуэ хъуауэ жыпIэ хъунущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, гъэ къэс къэрал, къалэ, щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхохьэ, дэнэ щыпсэу адыгэри зэщIегъэуIуэ. Псоми къагурыIуэну сыхуейщ, ди анэдэлъхубзэр тхъумэжыфмэ, ди хабзэри, щэнхабзэри, тхыдэри хъума хъунущ. ЕхъулIэныгъэхэр фиIэну, ди Хэкур зыхъумэу зауэ IэнатIэм Iутхэр псэууэ къекIуэлIэжыну, мамырыгъэрэ зэIузэпщыныгъэрэ диIэну!

Университетым диктантыр щызытхахэм гъэхуауэ къахуеджащ Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ къудамэм и япэ курсым щеджэ Жыкъуэ Аидэ. Абы онлайну интернеткIэ къедаIуэурэ ятхыну Iэмал яIащ унэм щIэсхэм, лэжьапIэм къыщIэмыкIыфахэм, къуажэхэм, къалэхэм щыпсэу, щылажьэ цIыхубэм.

Iуэрытхыр - ар гъэ къэс екIуэкI Iуэху къызэрыгуэкI гуэркъым. АтIэ щIэныгъэ, егъэджэныгъэ, псэкупсэ гъэсэныгъэ, тхыдэ я лъэныкъуэкIи мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Мыбы щызэхуос лъэпкъым и «набдзэ» зыхужаIэ бзэщIэныгъэлIхэр, егъэджакIуэхэр, щIэныгъэрылажьэхэр, къыдэкIуэтей щIэблэр, щIалэгъуалэр, бзэр фIыуэ зылъагъу цIыху къызэрыгуэкIхэр.

КъищынэмыщIауэ, нобэ хуэдэ махуэм ди лъэпкъыр зэроубыд, щIыналъэ зэпэщхьэхуэхэм исхэр зэрощIэ, я зэпыщIэныгъэр нэхъ быдэ мэхъу, зы Iуэху зэрызэдащIэм нэхъ зэпэгъунэгъу ещI. Апхуэдэу адыгэбзэм и дахагъыр, къулеягъыр наIуэ къэзыщI Iуэхущ мы Iуэрытхыр. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ - къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ, Адыгей Республикэм - адыгеибзэмкIэ щатх диктантыр.

Iуэрытхым хэтахэм я лэжьыгъэхэр къапщытэнущ Дунейпсо Адыгэ Хасэм АнэдэлъхубзэмкIэ и къудамэм къришалIэ егъэджакIуэ Iэзэхэм икIи хэтахэм сертификатхэр иратынущ. КъэпщытакIуэхэм къызэрабжамкIэ, ди республикэм щыщу мы гъэм цIыху мин 12-м нэблагъэ хэтащ Адыгэ Iуэрытхым.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**, *КъБР-м, АР-м щIыхь зиIэ я журналист.*

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



● Гъуэгу шынагъуэншагъэ

# Сакъыну, хабзэр къызэпамыудыну къыхураджэ

**Иужьрей зэманым щIыналъэм гъуэгу къэхъукъащIэхэр нэхъыбэ щыхъуащ. Абы имыгъэгузавэу къанэркъым щIыналъэ унафэщIхэр икIи машинэ зезыгъакIуэхэр къыхураджэ нэхъ сакъыну, гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэм ткIийуэ тетыну.**

2026 гъэр къызэрихьэрэ республикэм къэрал мыхьэнэ зиIэ гъуэгухэм транспорт къэхъукъащIэу 34-рэ щатхащ, абыхэм цIыхуи 10 хэкIуэдащ, 49-м фэбжьхэр хахащ. ЩIыналъэ мыхьэнэ зиIэ гъуэгухэм насыпыншагъэхэр нэхъ мащIэ щыхъуами, абыхэм авариеу 23-рэ къыщыхъуащ, цIыхуи 6 хэкIуэдащ, 37-м фэбжь зэхуэмыдэхэр ягъуэтащ.

Гъуэгу къэхъукъащIэхэм ятеухуауэ ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, шофёр нэхъ щIалэхэм (илъэс 18-м къыщыщIэдзауэ 25-м нэс) я зэранкIэ аварие 14 къэхъуащ. Абыхэм цIыхуи 8 хэкIуэдащ, 22-м фэбжьхэр хахащ. Нэхъ ныбжь зиIэ шофёрхэр (илъэс 60-м щIигъуухэр) гъуэгу насыпыншагъэу 13 хэхуащ. А къэхъугъэхэм цIыхуи 5 хэкIуэдащ, 16-м фэбжь зэхуэмыдэхэр къатехуащ.

2026 гъэм и щIышылэ мазэм щегъэжьауэ мазае пщIондэ гъуэгу транспорт къэхъукъащIэхэм хэкIуэдахэм я ныбжьыр ику иту илъэс 43-рэ мэхъу (илъэс 21-м щегъэжьауэ 75-м нэс). Гъатхэпэ мазэм гъуэгу насыпыншагъэхэм хэкIуэдахэм я ныбжьыр къыхэплъытэмэ, ику иту илъэс 39-м нэсащ.

Псэущхьэхэр хэту къэхъу гъуэгу насыпыншагъэхэр процент 200-кIэ нэхъыбэ хъуащ, мащIэми фэбжь хахакъым - ахэр процент 400-м нос. А Iуэхухэм хэкIуэда щыIэкъым. Мыпхуэдэ щытыкIэм нэхъыбэу ущрихьэлIэр Шэрэдж, Бахъсэн щIыналъэхэрщ, машинэхэр куэду икIи псынщIэу щызекIуэ «Аруан - Уштулу», «Прохладнэ - Бахъсэн - Iуащхьэмахуэ» къэрал гъуэгухэрщ.

Транспорт къэхъукъащIэхэм насыпыншагъэ нэхъыбэ къыщашэр зыхуэкIуэ лъэныкъуэмкIэ къикI гъуэгум зэрытехьэрщ, япэ ит машинэхэм хабзэхэр къызэпауду къазэрыпежэкIырщ. Апхуэдэ къэхъугъэ 11-м цIыхуи 8 хэкIуэдащ, 21-м фэбжь хахащ.

2026 гъэм цIыхухэр хэкIуадэу къэхъуа авариехэм хэхуащ транспорт 15. Абыхэм ящыщу машинэ 12-р Урысейм къыщыщIагъэкIащ, 3-р хамэ къэрал щащIащ. ХэкIуэдахэр зэрыса автомобилхэр къызэрыдагъэкIрэ ику иту илъэс 13 мэхъу.

Мы илъэсыр къызэрихьэрэ псори зэхэту ди щIыналъэм гъуэгу-транспорт насыпыншагъэу 86-рэ къыщыхъуащ, абыхэм цIыху 17 хэкIуэдащ. Нэхъыбэу ахэр къыщыхъуар Налшык (22-рэ), Бахъсэн (16), Шэджэм (11), Дзэлыкъуэ (10) щIыналъэхэрщ.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Лянэ**.

# Мы махуэхэм

**Гъатхэпэм и 14**, *щэбэт*

♦**Адыгэ тхыбзэм и махуэщ**

♦**1853 гъэм** адыгэбзэкIэ къыдэкIащ Берсей Умар и «Адыгэ псалъалъэр».

♦**1995 гъэм** Налшык экономико-правовой лицей къыщызэIуахащ.

♦**1913 гъэм** къалъхуащ абхъаз тхакIуэ, Куржымрэ Абхъазымрэ гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Гулиа Георгий**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, литературэдж, критик, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэрмокъуэ Хьэмид**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 7, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

**Гъатхэпэм и 15**, *тхьэмахуэ*

♦**1880 гъэм** къалъхуащ адыгэхэм я цIыхубэ лIыхъуэжь **Къылыш СулътIан-Джэрий**.

♦**1913 гъэм** къалъхуащ адыгей драматург, актрисэ **Натхъуэ Долэтхъан**.

♦**1934 гъэм** къалъхуащ Амман дэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу щыта, Хьэшимит къэралыгъуэм и сенатору лэжьа **Къардэн Самир**.

♦**1974 гъэм** къалъхуащ публицист, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **ТIэш Светланэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 7, жэщым градуси 2 - 4 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

**Гъатхэпэм и 16**, *блыщхьэ*

♦**1942 гъэм** къалъхуащ УФ-м, КъБР-м, КъШР-м, АР-м, Дагъыстэным я цIыхубэ дохутыр, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Лий Адэлджэрий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 7, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

***Къытхэхъуащ***

*Вэсэмахуэ* республикэм къыщалъхуащ сабий 36-рэ: 19-р хъыджэбз цIыкIущ, 17-р щIалэщ.

*Дыгъуасэ* - сабий 28-рэ: 11-р хъыджэбз цIыкIущ, 17-р щIалэщ.

Гъатхэпэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 362-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 1850-рэ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ**:

**Уи бийр къыпщцытхъурей хъумэ, умыбэлэрыгъ.**

● ЩIэныгъэлIым и псалъэ

# Дрипсалъэ щхьэкIэ, къыдгурымыIуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Къардэн Мусэдин лъэпкъ щIэныгъэ дунейм къыщацIыху IэщIагъэлI щыпкъэу, къэхутакIуэ емызэшу, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу, унэтIакIуэ Iэзэу. Абы иригъэкIуэкIа иужьрей къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр ехьэлIащ ди анэдэлъхубзэр зэрызэхэт макъхэм я къэхъукIэ къызэрымыкIуэхэм. ЩIэныгъэлIым гу лъыдегъатэ бзэм и макъзешэ щхьэхуэхэм яIэ IукIэ гъэщIэгъуэнхэм.**

«ИЛЪЭСИЩЭ куэдхэм и кIуэцIкIэ бзэм и къежьэкIамрэ зэфIэувэкIамрэ теухуауэ еплъыкIэ тIощIым щIигъу къагъэлъэгъуауэ щытми, нобэ къыздэсым абы и жэуапыр гъэпсауэ, нэгъуэщI упщIэ къызылъыкъуэмыкIыжу щыткъым. Дэри абы и жэуапыр дубзыхуауэ аракъым, ауэ дгъэIурыщIэ ди гугъэж бзэм гъэщIэгъуэныгъэ хэлъ гуэрхэм я гугъу тщIыну аращ.

1920 гъэм урыс щIэныгъэлI Турчанинов Георгий итхыгъат: «Адыгэбзэм и макъзешэ [э]-м «центростремительнэ унэтIыныгъэ», [ы]-м «центробежнэ унэтIыныгъэ» къагъэлъагъуэу зэрыщытыр. ТерминитIми я адыгэбзэ псалъэ хуэдгъэкIуат, ауэ езы щIэныгъэлIым зэритхам хуэдэу зэдмыхъуэкIыу къэдгъэнащ. ИужькIэ адыгэбзэм елэжьа псоми а Iуэхугъуэхэр зэрыщыIэм къытрагъэзэжурэ тетхыхьащ: Яковлев Николай, Шагъыр Iэмин, Къумахуэ Мухьэдин, Урыс Хьэталий, КIэрашэ Зейнэб, Рогавэ Георгий. Нэхъ гурыIуэгъуэ хъун щхьэкIэ, щапхъэхэмкIэ щIэдгъэбыдэнщ: «къэхь» псалъэм пкърылъ Iуэхугъуэр «кумкIэ» зэрыгъэзар [э]-м къегъэлъагъуэ. Лэжьыгъэр зытехуэр «ку»-ращ, апхуэдэ хъужыр лэжьыгъэр здэгъэзаращ. «IуыкI» псалъэм хэт [ы]-м лэжьыгъэр жызыIэм зэрыбгъэдэкIыр къыдгурегъаIуэ. МакъзешитIри псалъэм щыхэтым деж, абыхэм лэжьыгъэр къызыбгъэдэкIри зыхуэгъэзари къыджаIэ - «къызэт». Ауэ апхуэдэ мыхьэнэхэр щыхалъагъуэр ахэр глаголхэм щыхэтым дежт. Дэ бзэм и гъунапкъэм дикIыу нэгъуэщI щIэныгъэхэм едгъапщэмэ, бзэщIэныгъэлIхэм макъзешитIым хуагъуэта купщIэхэр тхухэгъуатэмэ, дгъэунэхуну мурад тщIат.

ЗэрымыщIэкIэ зыгуэрхэр зэтехуэнкIэ зэрыхъунум, дауи, шэч хэлъкъым, ауэ курыхыу биологием е физикэм жиIэм адыгэбзэм щыщ щапхъэхэр мызэмытIэу пэджэж щыхъукIэ, узэгупсысыни къызэкъуех. Дэтхэнэ зыми зэрищIэ къыщIэкIынщи, щIым и Iыхьэ зырызым жьыр къызэрыщепщэр лъэныкъуэ зэпэщIэуэкIэ щIэIуэнтIауэ кIэрахъуэущ. Апхуэдэ дыдэщ псыр ижыпIэ гуэрым щижкIэ. ЩIым и ищхъэрэ лъэныкъуэм зи гугъу тщIы Iуэхугъуэхэр ижьымкIэ икIыу сэмэгумкIэ йокIэрэхъуэкI (сыхьэтым и кIуэкIэм пэщIэуэу), ипщэ лъэныкъуэмкIэ - сыхьэтым и кIуэкIэмкIэ. Физикэ, биологие, химие ирехъуи, адыгэбзэм хэт макъзешитIым хуагъуэта купщIэхэм хуэдэ хэлъущ Iуэхугъуэ къызэрыщыхъур - «центростремительнэ», «центробежнэ».

Адыгэбзэм и закъуэ бзэуэ щыIэм яхэмылъ мыхьэнэ гуэрхэр иIэу жытIэркъым. Урыс бзэщIэныгъэлI цIэрыIуэ Яковлевми гу зэрылъитати, адыгэбзэм и лъэпкъэгъу бзэхэми, Америкэм щыпсэу индей лъэпкъ куэдми я бзэм апхуэдэ щэнхэр яхэлъщ. Зи гугъу тщIы щIэныгъэлIыр адыгэбзэм щелэжьым гу лъетэ: «Бзэр нэхъ жьыуэ щытыхукIэ, фонемэмрэ абы и купщIэмрэ нэхъ зэпэгъунэгъуу щытщ икIи бзэм хэлъ гупсысэм нэхъ кууэ пыщIащ. Адыгэбзэм хуэдэм и макъ-фонемэ щхьэхуэр мыхьэнэ щхьэхуэм епхащ, урысыбзэм нэхърэ». Апхуэдэу щыт пэтми, адыгэ тхыбзэр, бзэхабзэр щIэныгъэкIэ зэпэщ щIыныр егъэлеиIуауэ урыс бзэхабзэм епха хъуат. Ди цIыхухэм хабзэ зэрахуэхъуащи, псалъэм папщIэ, «мыпхуэдэ урыс псалъэр адыгэбзэкIэ дауэу пIэрэ?» жаIэу щIэупщIэныр яфIэфIщ. Абы щыгъуэми егупсысыххэркъым, адыгэ псалъэ куэдыр урысыбзэкIэ зэрыпхужымыIэнум: гущхьэ, зэшэзэпIэ, еуэри-уэри, пхъэщакъуэ, нэгъуэщIхэри. ГурыIуэгъуэщ, абыхэм япкърылъ мыхьэнэр псалъэгъэнахуэхэм хуэгъэфэщауэ къызэрызэпкърахыр (гу зылъытэн хуейр «хуэгъэфэщауэ» псалъэрщ).

ЖытIэм къикIыркъым псалъэгъэнахуэр мыхъуну къэтлъытэу, ар зыгъэхьэзырхэм этимологие е семантикэ я лъэныкъуэкIэ псалъэ къэс зэпкърахыфынукъым икIи я къалэнуи щыткъым. Псалъэр зыхэт псалъэухам и купщIэм елъытауэ зи гугъу ящI щапхъэм и мыхьэнэм хуагъэфащэ. Мыбы и лъэныкъуэкIэ фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейт нэхъ иужьыIуэ къыдагъэкIыжа нарт хъыбархэм «марыхъу», «марыбз» псалъэхэм щхьэкIэ, нэхъапэIуэу зыщIахэм хуэмыдэу, (урысыбзэкIэ «портной», «портниха» жаIэу къагъэлъэгъуат) «мы псалъитIым я купщIэр иджыри убзыхун хуейщ» жаIэу зэратхам щхьэкIэ. АтIэ зи гугъу тщIы макъзешитIым ябгъэдэлъ купщIэм деж къэдгъэзэжынщи, адрей щIэныгъэхэм а унэтIыныгъэм теухуауэ ятхым деплъынщ.

Биолог цIэрыIуэхэу Смирновэ Еленэрэ Казанцевэ Верэрэ ятх: «Псантхуэм къыпкърыкI уалэр тхы куцIым е щхьэ куцIым щыIэ нэрынэхэм хуэгъэзамэ - ар центростремительнэ унэтIыныгъэщ, тхы куцIым е щхьэ куцIым къыбгъэдэкIыу абыхэм ягъэлажьэ пкъынэхэм хуэкIуэмэ - центробежнэщ. Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и академик Багаев Сергей щIэныгъэлI гуп и гъусэу иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэм къыпкърыкIыу етхыж: «... Гум екIуалIэ къуэпсхэм, шхынымрэ гъутхьэпсымрэ щызекIуэ лъагъуэхэм Iуэхугъуэр щIэгъэкIэрэхъуауэ щокIуэкI. Биологие и лъэныкъуэкIэ цIыхум и кIуэцIкIэ щекIуэкI Iуэхугъуэхэр зэщхьу къыщохъу». Лъынтхуэм, тхьэмбылым, тхьэмщIыгъум, адрей Iыхьэхэми я кIуэцIкIэ лэжьыгъэр зы лъэныкъуэукъым зэрыщекIуэкIыр, атIэ лъэныкъуитIымкIи щокIуэкI, къэзыхутари дэракъым.

Фигу къэдгъэкIыжынщ жьымрэ псымрэ ехьэлIауэ ищхьэкIэ ттхар. ЩIэныгъэлIхэм къахутамрэ адыгэбзэм хэт псалъэхэмрэ зэрызэпэджэжми гу лъывэдгъэтэнщ: гукъуэпс, лъынтхуэ, гъутхьэпс, тхьэмбыл, тхьэмщIыгъу, зэз/зэзы, кIэтIий/чIэтIый. Псалъэ къэскIэ бзэщIэныгъэлIхэм зи гугъу ящIа макъзешитIри къыщокIуэ. А тIум мыхьэнэ хуагъуэтауэ щытар адрей щIэныгъэхэм елэжьхэми къахутащ. Тхьэмбылым хьэуар щехкIэ, ижьымкIэ икIыу сэмэгумкIэ икIэрэхъукIыу мэлажьэ, тхьэмбылым къелеекIа, пкъынэлынэм зыхуей псор къызыхиха хьэуар къыщикIыжкIэ, сэмэгумкIэ икIыу ижьымкIэ йокIэрэхъуэкI: ехымрэ къыдэкIуеймрэ зым и кIуэкIэм адрейм зришэкIыу, апхуэдэу щымытмэ, мывитI зэунтIэIум хуэдэу, зэжьэхэуэу зэран зэхуэхъунут. Хьэуам и лэжьэкIэр ар щызекIуэ тхьэмбылым хэт макъзешитIым къагъэлъагъуэ, адрей щапхъэхэми апхуэдэущ зэрыщытыр.

ИужькIэ къэтхьыну щапхъэхэр биологием е физикэм къихутами, дыщыгъуазэкъым, ауэ я гъэщIэгъуэнагъыр зыкIи нэхъ мащIэкъым. ЩIымрэ уафэмрэ щыщыIэ псори я зекIуэкIэкIэ зэпэщIоуэ: щIы, псы, бгы, жыг/чъыгы, лъы, удз/уыцы - уэ, уэшх/ощхы (уэщхы), уэс/осы (уэсы), пшэ. Псалъэм и къэхъукIам, абы бгъэдэлъынкIэ хъуну купщIэм ущытепсэлъыхькIэ, къухьэпIэ е къуэкIыпIэ адыгэхэм я псэлъэкIэм и закъуэ къапщтэ хъунукъым, аращ псэлъэкIитIми щапхъэхэр щызэтемыхуэм деж къыщIэдгъэлъагъуэр.

Гу зэрылъыптэщи, щIым и лъэныкъуэмкIэ щыIэ фIэщыгъэхэм [ы] макъыр, уэм и лъэныкъуэмкIэ щыIэхэм [э] макъзешэхэр хэтщ, щIымрэ уэмрэ зырызэдэлажьэр къыджаIэу. Жыг/чъыгы, удз/уыцы - уэшх/ощхы (уэщхы), уэс/осы (уэсы) фIэщыгъэхэм макъзешитIри хэтщ. Дэтхэнэ зыми зэрищIэщи, уэшх/ощхы (уэщхы), уэс/осы (уэсы)- хэр щIым къох, абы хобэхъыкIыжри, уэм докIуеиж, абы и лэжьэкIэри тхьэмбылым и лэжьэкIэм хуэдэщ. Жыг/чъыгы, удз/уыцы щыIэныгъэхэми, кIыгъэхэр псори зэгъусэу къапщтэми, я псэукIэ-лэжьэкIэр тхьэмбылым хуэдэщ.

Иужьу зы адыгэ псалъэжьи дигу къэдгъэкIыжынщ - «Псыр псэхэлъхьэжщ»: псы - псэ. Мы тIум теухуауэ уэршэрыр нэхъ иныж хъунущи, мызэкIэ абдеж дыкъыщыувыIэнщ. ЗэрымыщIэкIэ адыгэбзэм щыщ псалъэхэм жаIэмрэ щIэныгъэхэм къахутахэмрэ зэтехуэу арами, гъэщIэгъуэнщ. ЗэрымыщIэкIэ зэтемыхуэу, щIэныгъэхэр бзэм хэлъу арамэ, и гъэщIэгъуэнагъыр нэхъыбэжщи, «къэзыкIухь - Iыхьэншэщ», зэрыжаIэм хуэдэу, бзэр зымыщIэр хэкIыжащ».

*Зыгъэхьэзырар*
**ТАМБИЙ Линэщ.**



# Нэхъ гугъу дыдэхэр едж

**Германием щыщ, Мюнхен и гуманитар университетым щIэс Аццарелло Дино Адыгей къэрал университетым и филоло-гие факультетым егъэщIылIауэ еджащ адыгеибзэр зригъэщIэн папщIэ.**

КУРЫТ еджапIэм щыщIэсым, нэмыцэбзэмрэ инджылызыбзэмрэ къинэмыщIауэ, хэдэу пасэрей алыджыбзэр е франджыбзэр, латиныбзэр яджыну Iэмал яIэт. Абы щыгъуэ Дино дихьэхат бзэ нэхъ гугъу дыдэхэр къилъыхъуэурэ иджыным. Латиныбзэр зригъэщIэныр абы тыншу къехъулIат. Франджыбзэр къызэрыгуэкIыу къилъытащ, и IукIэри апхуэдэу игу ирихьакъым. Пасэрей алыджыбзэр къыхихащ, и грамматикэр зэрыгугъум, и IукIэмрэ тхэкIэмрэ зэрыгъэщIэгъуэным дихьэхри. Арат псоми щIэдзапIэ хуэхъуар. Ар уэрсэру ирипсалъэрт нэмыцэбзэм, инджылызыбзэм, урысыбзэм. Курыт еджапIэм испаныбзэри щиджат, ауэ ар бзэ гугъухэм яхибжэртэкъым. Псалъалъэр зыдигъэIэпыкъуурэ, исландыбзэкIэ, финыбзэкIэ, куржыбзэкIэ, манси бзэмкIэ къоджэф. Адыгэбзэр зригъэщIэну Мейкъуапэ къэкIуащ, и Iыхьлыхэм ар къыхуамыгъэдэхами - Европэм Кавказым исхэм я псэукIэм теухуауэ ящIэр зэрамыщIэм къыхэкIагъэнт я щIалэм щхьэкIэ шынэныр.

Германием къызэрыщалъхуар имыгъэгъуащэу, Дино Мейкъуапэ щыIэху дэтхэнэ сыхьэтри къигъэсэбэпащ, уеблэмэ зыгъэпсэхугъуэ иIэн хуейуэ къимылъытэу. ЩIалэм игъэщIагъуэрт, Германием къыщхьэщыкIыу, Урысейм махуэ куэд зэрыщагъэлъапIэр, студентхэм, бдзэжьеящэхэм, шахтёрхэм, радиом и лэжьакIуэхэм, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ. Псом хуэмыдэу ТекIуэныгъэ Иным и махуэр хэIэтыкIауэ зэрагъэлъапIэм, ветеранхэм пщIэшхуэ зэрыхуащIым, тхыдэ къэхъугъэхэм ящыщу Хэку зауэшхуэр зэращымыгъупщэм гу лъитащ.

Дино Адыгейм щIэкIуам щхьэусыгъуэ хуэхъуар адыгэбзэр иджыным къинэмыщIауэ, и урысыбзэри иригъэфIэкIуэну Iэмал зэриIэрт. Адыгейм къэкIуэн и пэ, ар урысхэм илъэситIкIэ епсэлъат. Абы къызэрилъытэмкIэ, бзэр умыщIэми, Урысейм ущыкIуэдынутэкъым. Хамэ къэрал зэрыщыщыр къызэращIэу, псори къыдэIэпыкъуну хьэзырт.

Мейкъуапэ щызэригъэщIа адыгэбзэмкIэ арэзы хъуауэ абы Германием игъэзэжащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

## ДЖЭДГЪЭФ Борис

# Си анэбзэ, си адыгэбзэ

**Пщэдджыжь нэхулъэм вагъуэр полъэлъри,**
**Къуалэбзуубзэр мэхъур пшынэбзэ.**
**Бзум я бзэ дахэр сфIощI си анэбзэ,**
**Ар си анэбзэ, си адыгэбзэ.**

**КъэтIысыт сибгъукIэ, си анэ дыщэ,**
**Гущэкъу уэрэдкIэ къызэIущащэ.**
**Сэ псэуэ сиIэр, ар си анэбзэщ,**
**Ар си анэбзэщ, си адыгэбзэщ.**

**Жыгей мэзыжьу жьым къигъэушым,**
**Ныдэуэршэру псынэр мэушэ.**
**Псынэ Iущащэр сфIощI си анэбзэ,**
**Ар си анэбзэ, си адыгэбзэ.**

**Гъатхэ накъыгъэм щIыр игъэпсалъэу,**
**Гулъхэр бэвыгъэу къызэрылъэлъым.**
**ЩIылъэм Iурылъыр сфIощI си анэбзэ,**
**Ар си анэбзэ, си адыгэбзэ.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, гъатхэпэм и 16

**1**

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «КАЗАНОВА. ВОЗВРАЩЕНИЕ» (16+)
**00.10** «Время героев» (16+)
**01.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.06** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «МОСКОВСКАЯ БОРЗАЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «КНЯЗЬ АНДРЕЙ» (16+)
**23.20** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.00** Т/с «МОСКОВСКАЯ БОРЗАЯ» (16+)

**НТВ**

**04.40, 08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «НОВАЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
**22.15** Т/с «КАНЦЕЛЯРСКАЯ КРЫСА» (16+)
**00.35** «Ч.Т.Д.» с Маргаритой Симоньян (16+)
**01.10** Т/с «МЕЛЬНИК» (16+)

**ЗВЕЗДА**

**05.20** Т/с «ПРИКАЗА УМИРАТЬ НЕ БЫЛО» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Д/с «Щит и меч. Легенды госбезопасности» (16+)
**11.55, 13.25** Х/ф «ЕКАТЕРИНА ВОРОНИНА» (16+)
**14.20, 15.05, 17.15** Т/с «ОПЕРАТИВНЫЙ ПСЕВДОНИМ-2. КОД ВОЗВРАЩЕНИЯ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Д/с «Подводный флот Великой Отечественной войны» (16+)
**00.05** Х/ф «ЕКАТЕРИНА ВОРОНИНА» (16+)
**01.40** Х/ф «ЗАСТАВА В ГОРАХ» (16+)

**РОССИЯ К**

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Д/с «Первые в мире»
**07.35** Черные дыры. Белые пятна
**08.15** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**08.40, 22.25** Х/ф «ВИЗИТ К МИНОТАВРУ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.50** Новости культуры
**10.15** Наблюдатель
**11.10, 00.05** «ХХ век»
**11.45** Д/ф «Лед и свет Александра Борисова»
**12.45** Новости. Подробно. АРТ
**13.00** Линия жизни
**13.55** Х/ф «ПРИКЛЮЧЕНИЯ ТОМА СОЙЕРА И ГЕКЛЬБЕРРИ ФИННА» (16+)
**15.25** Агора
**16.30** Д/с «Передвижники»
**17.15** Мастера фортепианного искусства
**18.15** Рассказы из русской истории
**19.45** Главная роль
**20.05** Правила жизни
**20.30** Спокойной ночи, малыши!
**20.50** Сати. Нескучная классика...
**21.30** Д/ф «Сокровища Московского Кремля»
**00.40** Д/ф «Ищите женщину». Какая ты красивая, когда молчишь!»
**01.20** Мастера фортепианного искусства

**МАТЧ!**

**06.00** «Династия. Коростелевы-Мориловы» (12+)
**06.30** «Дело №» (16+)
**07.00, 09.05, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 11.30, 22.00, 01.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.10** Лица страны (12+)
**09.30** «Вопреки всему» (12+)
**10.30** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**12.35** «Специальный репортаж» (12+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** «Династия. Коростелевы-Мориловы» (12+)
**14.55** Магия большого спорта (12+)
**15.30** Громко. Прямая трансляция
**16.50** Хоккей. «Металлург» (Магнитогорск) - «Автомобилист» (Екатеринбург). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
**19.15** Хоккей. «Спартак» (Москва) - «Динамо» (Москва). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
**22.50** Футбол. «Райо Вальекано» - «Леванте». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**02.00** Фехтование. Международный турнир «Московская сабля». Трансляция из Москвы (6+)

## Гъубж, гъатхэпэм и 17

**1**

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «КАЗАНОВА. ВОЗВРАЩЕНИЕ» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.06** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «МОСКОВСКАЯ БОРЗАЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «КНЯЗЬ АНДРЕЙ» (16+)
**23.20** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.00** Т/с «МОСКОВСКАЯ БОРЗАЯ» (16+)
**03.30** Т/с «МОСКОВСКАЯ БОРЗАЯ» (16+)

**НТВ**

**04.55, 08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «НОВАЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
**22.15** Т/с «КАНЦЕЛЯРСКАЯ КРЫСА» (16+)
**00.35** «Захар Прилепин. Уроки русского» (12+)
**01.10** Т/с «МЕЛЬНИК» (16+)
**04.25** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

**ЗВЕЗДА**

**05.30** Т/с «ОПЕРАТИВНЫЙ ПСЕВДОНИМ-2. КОД ВОЗВРАЩЕНИЯ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Д/с «Щит и меч. Легенды госбезопасности» (16+)
**11.55, 13.25** Х/ф «ЧУЖАЯ РОДНЯ» (16+)
**14.20, 15.05, 17.15** Т/с «ОПЕРАТИВНЫЙ ПСЕВДОНИМ-2. КОД ВОЗВРАЩЕНИЯ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Улика из прошлого» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Д/с «Подводный флот Великой Отечественной войны» (16+)
**00.05** Х/ф «ВЫКУП» (16+)
**01.35** Х/ф «БЕСПОКОЙНОЕ ХОЗЯЙСТВО» (16+)
**03.00** Д/ф «Ополченцы. Мелодия памяти» (12+)
**03.40** Д/с «Хроника Победы» (16+)

**РОССИЯ К**

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Легенды мирового кино
**07.45** Д/ф «Сокровища Московского Кремля»
**08.40, 22.25** Х/ф «ВИЗИТ К МИНОТАВРУ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.50** Новости культуры
**10.15** Наблюдатель
**11.15, 00.05** «ХХ век»
**12.45** Новости. Подробно. Книги
**13.00** Д/ф «Сокровища Московского Кремля»
**13.55** Х/ф «ПРИКЛЮЧЕНИЯ ТОМА СОЙЕРА И ГЕКЛЬБЕРРИ ФИННА» (16+)
**15.05** Д/с «Приют путешественника»
**15.30** Сати. Нескучная классика...
**16.10** Семидесятые
**16.30** Д/с «Коллекция»
**17.15** Мастера фортепианного искусства
**18.05** Д/ф «Игнатий Стеллецкий. Тайна подземных палат»
**18.45** Семинар
**19.45** Главная роль
**20.05** Правила жизни
**20.30** Спокойной ночи, малыши!
**20.50** Белая студия
**21.30** Д/ф «Сокровища Московского Кремля»
**01.10** Мастера фортепианного искусства
**02.00** Кристальные истории

**МАТЧ!**

**06.00** «Династия. Тетюхины» (12+)
**06.30** Магия большого спорта (12+)
**07.00, 09.05, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 11.00, 15.30, 21.50** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.10** «Специальный репортаж» (12+)
**09.30** Биатлон. Альфа-банк Чемпионат России. Суперспринт. Женщины. Прямая трансляция из Тюмени
**11.30** Биатлон. Альфа-банк Чемпионат России. Суперспринт. Женщины. Прямая трансляция из Тюмени
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** «Династия. Тетюхины» (12+)
**14.55** Человек из футбола (12+)
**16.15** Боулинг. Кубок КЛБ. Протур. Трансляция из Краснодара (6+)
**18.00** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**19.00** Футбол. «Краснодар» - ЦСКА. Fonbet. Кубок России. Путь РПЛ. 1/2 финала. Прямая трансляция
**23.25** Футбол. Чемпионат Испании. Обзор тура (6+)
**00.30** Смешанные единоборства. М. Евлоев - Д. Лопес. UFC. Трансляция из США (16+)
**02.00** Баскетбол 3х3. Международный турнир. Трансляция из Челябинска (6+)

## Бэрэжьей, гъатхэпэм и 18

**1**

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «КАЗАНОВА. ВОЗВРАЩЕНИЕ» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.06** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «МОСКОВСКАЯ БОРЗАЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «КНЯЗЬ АНДРЕЙ» (16+)
**23.20** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.00** Т/с «МОСКОВСКАЯ БОРЗАЯ» (16+)

**НТВ**

**04.55, 08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «МЕРТВАЯ ТОЧКА» (16+)
**22.15** Т/с «КАНЦЕЛЯРСКАЯ КРЫСА» (16+)
**00.35** «Мы и наука. Наука и мы» (12+)
**01.40** Т/с «МЕЛЬНИК» (16+)

**ЗВЕЗДА**

**05.30** Т/с «ОПЕРАТИВНЫЙ ПСЕВДОНИМ-2. КОД ВОЗВРАЩЕНИЯ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Д/ф «Подводная война на Балтике. Щ-308». Д/с (16+)
**11.55, 13.25** Х/ф «КОМАНДИР СЧАСТЛИВОЙ «ЩУКИ» (16+)
**14.25, 15.05, 17.15** Т/с «НА ВСЕХ ШИРОТАХ...» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** Д/с «Секретные материалы» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Д/с «Подводный флот Великой Отечественной войны» (16+)
**00.05** «Командир счастливой «Щуки» (16+)
**01.45** Х/ф «ПРАВО НА ВЫСТРЕЛ» (16+)
**03.05** Д/с «Подпольщики» (16+)

**РОССИЯ К**

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Легенды мирового кино
**07.45** Д/ф «Сокровища Московского Кремля»
**08.40, 22.25** Х/ф «ВИЗИТ К МИНОТАВРУ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.50** Новости культуры
**10.15** Наблюдатель
**11.15, 00.05** «ХХ век»
**12.45** Новости. Подробно. Кино
**13.00** Д/ф «Сокровища Московского Кремля»
**13.55** Х/ф «ПРИКЛЮЧЕНИЯ ТОМА СОЙЕРА И ГЕКЛЬБЕРРИ ФИННА» (16+)
**15.05** Д/с «Приют путешественника»
**15.30** Белая студия
**16.30** Библейский сюжет
**17.15** Мастера фортепианного искусства
**17.50** Кристальные истории
**18.05** Д/ф «Да, скифы - мы!»
**18.45** Семинар
**19.45** Главная роль
**20.05** Правила жизни
**20.30** Спокойной ночи, малыши!
**20.50** Абсолютный слух
**21.30** Д/ф «Сокровища Московского Кремля»
**01.10** Мастера фортепианного искусства
**01.45** Д/ф «Роман в камне»

**МАТЧ!**

**06.00** «Династия. Карасевы» (12+)
**06.30** Человек из футбола (12+)
**07.00, 09.05, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 11.00, 15.30, 22.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.10** «Специальный репортаж» (12+)
**09.30** Биатлон. Альфа-банк Чемпионат России. Суперспринт. Мужчины. Прямая трансляция из Тюмени
**11.30** Биатлон. Альфа-банк Чемпионат России. Суперспринт. Мужчины. Прямая трансляция из Тюмени
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** «Династия. Карасевы» (12+)
**14.55** «Вид сверху» (12+)
**16.15** Д/ф «Дэвид Бекхэм. Одиозный» (12+)
**17.45** Футбол. «Зенит» (Санкт-Петербург) - «Динамо» (Махачкала). Fonbet. Кубок России. Путь регионов. 1/2 финала. Прямая трансляция
**20.30** Футбол. «Спартак» (Москва) - «Динамо» (Москва). Fonbet. Кубок России. Путь РПЛ. 1/2 финала. Прямая трансляция
**00.30** Смешанные единоборства. М. Евлоев - А. Аллен. UFC. Трансляция из Канады (16+)
**02.00** Футбол. Чемпионат Италии. Обзор тура (6+)
**03.00** «Вы это видели» (12+)

## Махуэку, гъатхэпэм и 19

**1**

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «КАЗАНОВА. ВОЗВРАЩЕНИЕ» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.06** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «МОСКОВСКАЯ БОРЗАЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «КНЯЗЬ АНДРЕЙ» (16+)
**23.20** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.00** Т/с «МОСКОВСКАЯ БОРЗАЯ» (16+)

**НТВ**

**04.50, 08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «МЕРТВАЯ ТОЧКА» (16+)
**22.15** Т/с «КАНЦЕЛЯРСКАЯ КРЫСА» (16+)
**00.35** «Поздняков» (16+)
**00.50** Т/с «МЕЛЬНИК» (16+)
**04.20** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

**ЗВЕЗДА**

**05.30** Т/с «НА ВСЕХ ШИРОТАХ...» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** «Специальный репортаж» (16+)
**11.15, 13.25** Х/ф «СЛУШАТЬ В ОТСЕКАХ» (16+)
**14.25, 15.05, 17.15** Т/с «НА ВСЕХ ШИРОТАХ...» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Код доступа» (12+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Д/с «Подводный флот Великой Отечественной войны» (16+)
**00.05** Х/ф «ТИХОЕ СЛЕДСТВИЕ» (16+)
**01.15** Х/ф «ПРИКАЗАНО ВЗЯТЬ ЖИВЫМ» (16+)
**02.40** Д/с «Подпольщики» (16+)
**03.20** Д/с «Хроника Победы» (16+)

**РОССИЯ К**

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Легенды мирового кино
**07.45** Д/ф «Сокровища Московского Кремля»
**08.40, 22.25** Х/ф «ВИЗИТ К МИНОТАВРУ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.50** Новости культуры
**10.15** Наблюдатель
**11.15, 00.10** «ХХ век»
**12.10** Д/с «Забытое ремесло»
**12.45** Новости. Подробно. Театр
**13.00** Д/ф «Сокровища Московского Кремля»
**13.55** Т/с «В ПОИСКАХ КАПИТАНА ГРАНТА» (16+)
**15.05** Д/с «Приют путешественника»
**15.30** «2 Верник 2»
**16.30** Д/с «Пряничный домик»
**17.15** Мастера фортепианного искусства
**18.15** Д/ф «Роман в камне»
**18.45** Семинар
**19.45** Главная роль
**20.05** Д/ф «Идиот». Я ведь ничто! А вы страдали!»
**20.45** Энигма
**21.30** Д/ф «Сокровища Московского Кремля»
**01.05** Кристальные истории
**01.20** Мастера фортепианного искусства

**МАТЧ!**

**06.00** «Династия. Пригода» (12+)
**06.30** «Вид сверху» (12+)
**07.00, 09.05, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 15.30, 20.30, 00.30** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.10** «Специальный репортаж» (12+)
**09.30** «Вопреки всему» (12+)
**10.30** Биатлон. Альфа-банк Чемпионат России. Смешанная эстафета. Прямая трансляция из Тюмени
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** «Династия. Пригода» (12+)
**14.55** «Формула-1. Гаснут огни» (12+)
**16.15** Д/ф «Шмейхель» (12+)
**18.15** Футбол. «Крылья Советов» (Самара) - «Локомотив» (Москва). Fonbet. Кубок России. Путь регионов. 1/2 финала. Прямая трансляция
**22.00** Футбол. Fonbet. Кубок России. Обзор (6+)
**23.00** Смешанные единоборства. М. Евлоев - А. Стерлинг. UFC. Трансляция из США (16+)
**01.30** Человек из футбола (12+)
**02.00** Футбол. Чемпионат Испании. Обзор тура (6+)
**03.00** Боулинг. Кубок КЛБ. Протур. Трансляция из Краснодара (6+)
**04.00** Новости (0+)

# 1 КъБР ★ «Мир» канал

**Блыщхьэ, гъатхэпэм и 16**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «ЩIалэгъуалэр мэгушыIэ». «Дыгъэ бзий» театрыр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.25** «Бзэмрэ гупсысэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Уэсят». Мечиев Кязим и фэеплъу (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.40** «Таурыхъым фрегъэблагъэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «ХъуэпсапIэм кIэлъыкIуэу». Шаулуховэ Лилэ (12+)
**8.45** «Нарт хъыбархэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Лэгъупыкъу». ЦIыкIухэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.25** «Адыгэбзэм и псалъэгъэнахуэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.45** «Ойнай-ойнай…». ГушыIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.10** «Литературэм теухуа псалъэмакъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.35** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**18.50** «Бзылъхугъэхэм папщIэ!». Махуэшхуэ концерт. Япэ Iыхьэ (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Псэм и макъамэ». КъБР-м и цIыхубэ артист Думэн Мурадин и уэрэдхэм я пшыхь. Япэ Iыхьэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.50** Чипчиков Борис. «ЛIыжь. Жэщ. Сабиигъуэ». Литературэ къеджэныгъэхэр (12+)
**21.10** «Фэеплъыр зэманым токIуэ». Балъкъэр лъэпкъыр хэкум щраша махуэм ирихьэлIэу екIуэкIа зэхыхьэм къратыкI репортаж (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, гъатхэпэм и 17**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Жаншэрхъ». Спорт нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.40** «Анэдэлъхубзэ» («адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Мечиев и цIэр зезыхьэ фондым дыщыIуощIэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.40** «Ойнай-ойнай…». ГушыIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «СщIэну сыхуейщ!». Тележурнал (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.35** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**8.50** «Анэшхуэм и таурыхъхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
Одинцовэ Галинэ къыщыхъуащ Ставрополь крайм хыхьэ Грачевскэ районым и Грачевкэ урыс къуажэм, Одинцовхэ Юрийрэ Мариерэ я унагъуэм. Ари жысIэнщи, и анэ Марие щыщт Горбачев Михаил къыщыхъуа Привольное жылагъуэм, абыи уфIэкIынщи, Горбачеврэ абырэ зы классым зэдыхэсат, зы партэми дэсат.

Одинцовэ Галинэ щIыпIэ еджапIэр къиуха нэужь щеджащ Ставрополь медицинэ училищэм. А къалэм и библиотекэ нэхъыщхьэм нэIуасэ щыхуэхъуауэ щытащ Ставрополь мэкъумэш институтым щеджэ Гъуэт Зураб. НыбжьэщIитIым унагъуэ зэдаухуащ.

Гъуэтхэ я унагъуэр гуапэу IущIащ урыс бзылъхугъэ цIыкIум. Ар фIы дыдэу яхэзэгъащ лъэпкъ ми жэмыхьэтми. Адыгэ нысэ хъуа урыс бзылъхугъэ лъагъугъуафIэр хамэу къыщалъыта къэхъуакъым. Езыми къуажэмрэ цIыхухэмрэ и гур якIэрыпщIащ. Гъуэтхэ я унагъуэщIэм къахэхъуащ щIалэрэ хъыджэбзрэ.

- Си ныбжьыр илъэс 22-рэ нэхъ мыхъуауэ Жьакуэ дыкъэкIуэжа нэужь, сэ дохутыру сыщылэжьащ Хьэбэз район сымаджэщым и «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм», - игу къегъэкIыж Галинэ. - Къуажэм дыкъызэрыкIуэжу, си щхьэгъусэ Зураб ираджащ дзэ къулыкъум. Абы щыгъуэ ди хъыджэбз Маринэ диIэххэт. ЩIалэ къытхэхъуэну дызэрыпэплъэр белджылы щыхъуар Зураб даша нэужьщ. Ар занщIэу хэIущIыIу тщIауэ щытамэ, къулыкъум ирамыджэу къагъэнэнкIэ хъунт. Ауэ сэ сыхуейт Зураб дзэ къулыкъур ирихьэкIыну, къэралым и пащхьэм щиIэ къалэныр игъэзэщIэну, - жеIэ ди псэлъэгъум.

Галинэ и щхьэгъусэ Гъуэт Зураб нобэ пщIэрэ щIыхьрэ зиIэ IэщIагъэлIщ, «ХАБЕЗ ГИПС АГРО» ООО-м и генеральнэ унафэщIщ. Зэщхьэгъусэхэм я хъыджэбз Маринэ Жьакуэ къуажэм дэсщ, Акъхэ я нысэщ, я щIалэ Беслъэн унагъуэ щхьэхуэу Черкесск къалэм дэсщ.

«Дыгъэ» сабий IыгъыпIэм и унафэщI Мамхэгъ Мадинэ хуабжьу арэзыщ Галинэ и Iуэхухэр зэрызэрихьэмкIэ, сабийхэм зэрахуэсакъымкIэ, я псэуныгъэм зэрыкIэлъыплъымкIэ. Сэ зэхэсхащ урыс бзылъхугъэр сабийхэм адыгэбзэкIэ зэрепсалъэр.

Илъэс 44-кIэ узэIэбэкIыжмэ адыгэ нысэ хъуа урыс пщащэр иджы зыкIи къащхьэщыкIыжыркъым адрей къуажэ бзылъхугъэхэм. И бзэкIи, и щэнкIи, IэдэбагъкIи адыгэ бзылъхугъэхэм къакIэрыхуркъым.

**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ.**

# Уэрэду зэIуща щIалэгъуэ

**«АдыгэбзэкIэ уэрэд жыIэным сыт утезыгъэгушхуэр?» - жысIэу сыщыщIэупщIэм, - «Ди бзэр псом нэхърэ нэхъ сигу ирохь, ар зыми хуэзгъадэркъым. И беягъымрэ и IукIэ дахэмрэ цIыху нэхъыбэм зэхезгъэхыну сыхуейщ», - къызитыжащ жэуап Малэ Зеленчук (Ботэщей) къуажэм щыщ уэрэджыIэ ныбжьыщIэ Лъхукъуэщауэ Саният.**

КРАСНОДАР къалэм абы къыщыдеджэхэм яфIэгъэщIэгъуэнщ адыгэбзэкIэ игъэзащIэ уэрэдхэр, ирехъу ахэр цIыхубэ уэрэду е иджырей макъамэтххэм я къалэмыпэ къыщIэкIауэ. Езы пщащэр Краснодар крайм и Адыгэ Хасэм къызэригъэпэща «Гухэлъ» ансамблым зэрыхэтрэ щIыпIэ Iэджэми и зэфIэкIыр наIуэ щищIыну лъэкIащ. А ансамблым хэтщ пхъэцIычауэрэ шыкIэпшынауэрэ, уэрэджыIакIуитIрэ пшынауитIрэ. Хасэм и тхьэмадэ МэшылI Руслан лъэпкъ щэнхабзэм игу, и псэ етауэ хуэлажьэ ныбжьыщIэхэм зэрадэIэпыкъуным пылъщи, Саният абы фIыщIэ лей хуещI сыт и лъэныкъуэкIи заужьыну Iэмал къазэрыритым папщIэ.

Илъэс кIуам Адыгэ Республикэм адыгэ кхъуейм теухуауэ щекIуэкIа фестивалым Саният хэтыну и насып къыщихьым, уэрэдус Сэнэшокъуэ Ася хуитха «Щауэм къытрешэ нысэр», Магомаев Муслъим и «Синяя вечность» уэрэдхэр абы щыжиIащ. ШыкIэпшынауэ ГъукIэлI Суандэрэ езымрэ пасэрей адыгэ уэрэдыжь зыбжани абы щагъэзэщIащ, фестивалыр къызэзыгъэпэщахэм ди лъэпкъ щэнхабзэм хухаха плIанэпэм екIуалIэхэм я гукъыдэжыр къаIэту.

«Гухэлъ» гупым къищынэмыщIауэ, Саният Iуэху ядещIэ Краснодар щыIэ «Девчата» урыс ансамблми. Мы гупым егъэзащIэ 1980 - 1990 гъэхэм цIэрыIуэ хъуа уэрэдхэр, къафэ зэхуэмыдэхэр егъэув, утыку фащэхэри езым едыж.

Иджыблагъэ Саният дунейм къытригъэхьащ нарт IуэрыIуатэм къыхэкIа Мэзгуащэ теухуауэ уэрэд. Тыркум щыпсэу ди нэхъыжьыфI Къущхьэ Догъэн игъэзащIэ «Гум и уэрэдым» видеотеплъэгъуэ хуищIащ, сурэтыщI Тохъутэмыщ Анетэ къыдэIэпыкъури.

ЩэнхабзэмкIэ Краснодар къэрал институтым телерадиовещанэмрэ театр гъуазджэмрэ, эстрадэ-джаз уэрэд жыIэныр щедж, еплIанэ курсым хэсщ. И диплом лэжьыгъэр «Сохранение адыгских музыкальных традиций в вокальной исполнительской практике современной черкесской эстрады» жыхуиIэм триухуащ. Институтым щIэтIысхьэн и пэ къихуэу, абы къиухащ Хьэбэз къуажэм Сидакъ СултIан и цIэр зэрихьэу дэт сабий макъамэ еджапIэр. Мызэ-мытIэу япэ увыпIэхэр къыщихьащ урысейпсо, мыхьэнэ зиIэ зэхьэзэхуэхэм. И закъуэуи, гупым хэтуи уэрэд жеIэ адыгэбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ, франджыбзэкIэ, нэгъуэщIхэмкIи.

2025 гъэм Лъхукъуэщауэм къыхуагъэфэщащ «Бэст» продюсер IуэхущIапIэм гъэ къэс иригъэкIуэкI «Гъатхэ уахэ» лъэпкъыбэ зэпеуэм и Гран-прир. Санкт-Петербург щыIэ «Нарт» къэфакIуэ гупым мы гъатхэпэм концерт итынущи, абы Санияти ирагъэблэгъащ лъэпкъ уэрэдхэмкIэ Iуэхур игъэдэхэну.



- Ди хъыджэбзыр гущэм хэлъ щIыкIэ уэрэд жиIэн щIидзащ, пшыналъэр и Iэпэгъу щыхъуам ар иджыри псалъэртэкъым, жысIэмэ, сыщыуэнукъым. Апхуэдизу уэрэдым итхьэкъуати, зы дакъикъи пхущысынутэкъым имыгъэзащIэIауэ. Зэгуэрми шэч къытетхьакъым абы гъуазджэм епха IэщIагъэ къызэрыхихынум, уэрэджыIакIуэ зэрыхъунум, - жеIэ и анэм.

Пщащэр йохъуапсэ зыми пимыщI и анэдэлъхубзэмкIэ игъэзащIэ уэрэдхэр щызэгъэуIуа концерт адыгэ къуажэхэм щитыну. ИкIи, сэ сызэреплъымкIэ, макъ дахащэ зиIэ уэрэджыIакIуэм и гущIагъ щIэлъу кърихьэкI гупсысэхэр куэд мыщIэу зригъэхъулIэнущ. Мыдэ феплъ...

«Адыгэ щэнхабзэр, зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми, къэсIэтыну лъэкIыныгъэ щызгъуэтакIэ, семышу сылэжьэнущ», - жеIэ пщащэм. Ар ядолажьэ уэрэдусхэу Тэмазэ Лидэ, Сэнэщокъуэ Ася, Чэнджэщауэ Артур, Хьэсанэ Артур сымэ. Псори зэхэту къапщтэмэ, бзэ зэмылIэужьыгъуэкIэ игъэзащIэу уэрэд тIощIитIым нызэрыхьэс иIэщ.

КъШР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, Ботэщей къуажэ курыт еджапIэм и унафэщIу щыта Лъхукъуэщауэ Зэлэхьий Саният и адэшхуэт. Куэдым ар яцIыхуж усэхэр, рассказхэр зытх, домбрэ макъамэ Iэмэпсымэм хъарзынэу еуэф адыгэлIу.

АпхуэдэлI зиIа Лъхукъуэщауэхэ я унагъуэм вагъуэщIэу нобэ Саният къыщыблащи, и цIэр жыжьэ щыIуну, щIэблэхэм фIыщIэ щIыхуащIын Iэужь иIэну ди гуапэщ.

**ЛЫХЬ Тимур.**

# Ди бзэмрэ щэнхабзэмрэ ядж японхэми

**Японием (Токио) щыщ къэфакlуэ икlи блогер, илъэс 20 зи ныбжь Нозаки Тайга Интернетым и социальнэ сайтхэм цlэрыlуэ щыхъуащ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм зэрыдихьэхымкlэ. Иджыри курыт еджапlэм щыщlэсым кавказ лъэпкъхэм я тхыдэм дихьэхат Нозаки. Ди къафэхэр къыщилъэгъуам къыщыщlэдзауэ, зэуэ итхьэкъуащ мы lуэхум. Абы зэрыжиlэмкlэ, японхэр Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм, тхыдэм апхуэдэу щыгъуазэкъым, ауэ дуней псом щыпсэу лъэпкъхэм я къафэхэр зыджхэр щыlэщ. Тайга Интернетым и lэмалыр къигъэсэбэпурэ зы илъэсым къриубыдэу къафэхэм зыхуигъэсащ, адыгэ уэрэдхэри егъэзащlэ. Кавказ макъамэхэм зэпымыууэ йодаlуэ: мафlэгум исми лэжьапlэм щыlэми. Фlыуэ илъагъу уэрэджыlакlуэхэм ящыщщ Апэнэс Астемыр, Елъэщlыlэ Ислъам, Сагаиповэ Маккэ, Мгзаверби.**



ПСОМ хуэмыдэу зыхилъхьэ щыlэкъым «Ислъэмей», «Картули» къафэхэр, лезгинкэр. И ныбжьэгъухэр зэхуишэсурэ лезгинкэ къахуофэ. Щапхъэу къилъытэ къэфакlуэ lэзэхэм ящыщщ Мирзаханов Гебек, Энеев Аскэр, Гасанов Рамиль, Нартаев Джапар, Чантурия Бачанэ, Чанишвили Давид. Кавказ лъэпкъхэм я щэнхабзэр зигу дыхьа япон щlалэщlэм, езым абы зыхуигъэсэным къищынэмыщlауэ, гуп зэригъэпэщауэ Японием и къалащхьэм ди къафэхэм щыхуегъасэ. Тайга ещlэ адыгэ, шэшэн, куржы, осетин къафэхэр. Сэшхуэр иlыгъыу къэфэныр Нозаки зыхилъхьэ щыlэкъым. Абы зэрыжиlэмкlэ, апхуэдэхэм деж зауэлlу зыкъыщохъуж. Токио дэт шхапlэ инхэм ирагъэблагъэурэ абыхэм къыщофэ, пшыхьхэр егъэдахэ. «Адыгэ лъэпкъ къафэхэр зыхуэбгъадэ хъун щымыlэщ! Фи анэдэлъхубзэр, щэнхабзэр, тхыдэр фхъумэ, фи лъапlэныгъэхэм гулъытэ яхуэфщl», - жеlэ щlалэм.

Ди лъэпкъ къафэхэр абы Токио и уэрамхэми шхапlэхэми щегъэзащlэ. Ар хыхьащ Японием щыlэ ансамблым. Мы зэманым абы куржыбзэр, осетиныбзэр, шэшэныбзэр, дагъыстэныбзэр, убыхыбзэр, азербайджаныбзэр, урысыбзэр, адыгэбзэр, адыгэ къафэхэр зрегъащlэ, Кавказым ис лъэпкъхэм я фэилъ-хьэгъуэхэр зэхуехьэс, Урысей кинематографием, Кавказым и тхыдэм, лъэпкъ шхыныгъуэхэм зыщегъэгъуазэ. Тайга и мурадщ кавказ лъэпкъхэм я щэнхабзэм Японием исхэр хигъэгъуэзэну.

Ди лъэпкъ щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ Тайга зэрыдахьэхар япэщlыкlэ абы и анэм игъэщlэгъуащ, иужькlэ ди лъэпкъ къафэхэм зэратхьэкъуар щилъагъум, щlалэр нэхъри тригъэгушхуащ.

Япон университетым азиат щэнхабзэмкlэ и институтым и щlэныгъэлl лэжьакlуэ Миязавэ София Еёжи 2009 гъэм КъБКъУ-м и аспирантхэм ящыщ зы здигъэлэжьат адыгэбзэ дерсхэмкlэ. Ар университетым и общежитием щыпсэуащ, адыгэхэм триухуа и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм папщlэ ди бзэмрэ щэнхабзэмрэ иджу.

Щlэныгъэлlым зэрыжиlэмкlэ, и диссертацэр игъэхьэзырын папщlэ ар Тыркум илъэсиплlкlэ щыпсэуащ. А псом щlэдзапlэ хуэхъуащ Къайсэр къалэм японыбзэмкlэ здригъаджэм, хэхэс адыгэхэм щыщ къызэрицlыхуар икlи зи тхыдэ хэкур зрагъэбгынауэ Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ятеухуа къэхутэныгъэ лэжьыгъэ итхыну мурад зэрищlар. И тхыгъэхэр тыркубзэт.

Адыгэбзэр иджыным къыдэкlуэу, София и мурадт Тыркум щыпсэуа хэхэс адыгэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым къэзыгъэзэжахэм захуигъэзэну, ди щlыналъэм теухуа и щlэныгъэ лэжьыгъэм и пэублэ псалъэр игъэхьэзырыну. Абы и къэпщытэныгъэм къызэригъэлъэгъуамкlэ, къэзыгъэзэжахэм я нэхъыбэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр я лъахэу къалъытэрт, Тыркум щыпсэуныр экономикэ и лъэныкъуэкlэ зэрынэхъ тыншыр ямыбзыщlми. Зыхуей псори ягъуэту Тыркум щыпсэуами, адэжь щlыналъэм ахэр нэхъ щынасыпыфlэу ябжырт. Къэlэпхъуэжа язынықъуэ адыгэхэр илъэс 20-м щlигъуауэ зэуэ къэралитlми щопсэу, Тыркум хуаlэ пыщlэныгъэр зыфlамыгъэкlуэду. Къэбэрдей-Балъкъэрым хэти илъэси 10, хэти илъэс 15-м щlигъуауэ щыпсэуми, ди щlыналъэм къинэпэнуми ягъэзэжынуми ящlэркъым. Псори зэлъытар я щlэблэм къапэплъэ гъащlэрщ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Ар быдапlэм щезгъэщхьи къохъу

**Анэбзэр зэзгъэщхь хъунум куэдрэ сыщегупсыс къохъу. Зэрыт щытыкlэ гугъурауэ къысщохъу, ауэ си гур хуэмахэщ, хуэсщlэфынум срилъыхъуакlуэщ. Атlэ сыт зыхуэзгъадэр анэбзэр, сыт щхьэм щызэблэкl упщlэ кlэншэхэм япэздзыжыфыр?**

АНЭБЗЭР загъуэрэ илъэсищэхэр зи ныбжь жыгеижьым хузогъадэ, абы и къуэпсхэр хэгъуэжмэ, жьыбгъэ къыкъуэум ириудын къысфlэщlу. Зэзэмызи ар дыжьын фалъэу си нэгу къыщlоувэ, ди адэжь-анэжьхэм я фlэщхъуныгъэмрэ lущыгъэмрэ иту къысщыхъуу. Ауэ ар быдапlэм щезгъэщхьи къохъу, и мывэхъунэхэр нэм къимыубыдми, абы хуэдэу укъэзыхъумэнрэ мы дунеижь архъуанэм уримыхьэу укъызэтезынэнрэ щымыlэу къэслъытэу. Ар псынащхьэм хуэдэу lэфl дыдэу щызыхэсщlэри куэдрэщ, лlэщlыгъуэбэмрэ щlы къатыбэмрэ къапхрыжрэ пэжымрэ щыпкъэмрэ ди деж къызэрахьэсыр зыхызигъащlэу. Ауэ куэд дыдэрэ си гум къэкlыр анэбзэр нэтемыгъахуэ дыуэм зэрыхуэдэрщ: щlыlэми бзаджэми дащихъумэу, дызыщыщыр тщимыгъэгъупщэу, дыздэкlуэмкlэ дигъэгъуазэу.

Сыту куэд жысlэфынут... Ауэ хьэкъыр аращи, анэдэлъхубзэр цlыхухэр иризэгурыlуэн папщlэ зэрахьэ lэмэпсымэ къудейкъым. Ар и пщэрылъ нэхъыщхьэми, зыхущыlэр нэгъуэщlщ. Бзэр джэрпэджэжщ, илъэс минхэм къапхыкlыурэ деж къэса адэжьхэм я макъщ. Абы хэлъщ анэ быдзышэм и пшыналъэ мыужьыхыжри, нарт тхыдэжьхэм я щlэжьыуэ lущхэри, дыщыпсэу лъахэм и lэфlагъ мыухыжри. А псом къыдат гузэхэщlэр къызэрыпlуэтэн мы дунейм теткъым, анэдэлъхубзэм фlэкlа... Ди блэкlар тщызымыгъэгъупщэ, дызыхэт нобэр купщlафlэ зыщl, дызыхуэкlуэ пщэдейм лъабжьэ быдэ хуэхъу тегъэщlапlэщ анэдэлъхубзэр...

Анэбзэм худиlэн хуей гурыщlэ къабзэхэм я япэ дерсхэм гущэкъу уэрэдхэм хэту дащlодэlукl. Анэм и макъ щабэращ, абы зэхигъэувэ псалъэ дэхащlэхэращ, къигъэlу уэрэд къумалэращ дэ цlыху дызыщlыр, псэ къытхэзылъхьэр, щытыкlэ дахэм дыхуэзыузэщlыр.

Анэбзэр псалъэмакъ къудейкъым, ар псэм и лъэмыжщ, цlыхугухэр зэрипхыу, гъунэгъу зэхуищlу. Адыгэ гупсысэкlэм укъыпкъырыкlыу жыпlэмэ, цlыхугъэм, дахагъэм, къабзагъэм я сурэтыр ди гущlэм изыщlыхьыр анэбзэращ.

Анэбзэм хуэдэу лъэпкъ щlэжыр зэрыпхуэхъумэн нэгъуэщl хэкlыпlэ зэрыщымыlэр фlы дыдэу къыгурыlуэрт щlэблэ цlыкlухэр зэреджэн тхылъ Бырсей Умар щызэхигъэувам. Анэбзэм дыщытепсэлъыхьым деж тщыгъупщэнкlэ lэмал иlэкъым абы тхыбзэм бжэгъулъэ махуэ зэрыхухисар, зызыхъуэж дунейм ар хэпсэукlын щхьэкlэ, псалъэм фащэу зыщитlагъэ тхылъыр щымыlэу зэрымыхъунур. Абы зэрихьа лlыгъэр къызэрыплъытэну щыlэр зы пщалъэщ: и лъэпкъым хуиlэ фlылъагъуныгъэрщ.

Сыт хуэдэ псалъэкlэ къэпlуэтэфын Нэгумэ Шорэ адыгэхэм яхуищlа lуэхутхьэбзэр?! Зи гъащlэр лъэпкъым щхьэузыхь хуэзыщlа Шорэ хузэфlэкlащ лlэщlыгъуэхэр псалъэкlэ зэрипхын, абы хэлъ псэр зэрыуахъътыншэр и къалэмыпэм кърригъэlуатэурэ и гуащlэр къызэригъэтlэтыкlын. Адыгэм блэкlа зэриlэр, къэтlэщlыжын хуейуэ тхыдэшхуэ зэрыкъуэлъыр, ар кърипlуэтэфыну бзэ лъэрызехьэ зэраlэр зэи къэмыхъуауэ хьэкъыу зи фlэщ хъуари, цlыхубэм ар зыхригъэщlэну хэтари Шорэщ. Къехъулlащ, аркъудей зы шэч хэлъкъым!

Япэ итахэм зымащlэкlэ япебдзых мыхъуну лэжьыгъэ дахэ къыщlэнащ Хьэтlохъущокъуэ Къазий. Бетэмал, лlэщlыгъуитl ипэкlэ псэуа узэщlакlуэм къыгурыlуар нобэ зэхащlыкlыу щытыгъатэмэ... Хьэтlохъущокъуэм быдэу и фlэщ хъуат анэбзэр щlэныгъэм и бзэ зэрыпхуэщlынур, ар ебгъэджмэ, щlэблэм я гупсысэкlэми я дуней лъагъукlэми фlыуэ зэрызаужьынур. Аращ япэ дыдэу lуэрыlуатэм щlыгъуу зэхигъэувэ тхылъхэм зэдзэкlыгъэхэр хэзыухуэнар, адыгэбзэкlэ къыумыlуэтэфын гупсысэ зэрыщымыlэм и шэсыпlэ иувэу.




Зи цlэ къитlуа узэщlакlуэхэм тхыбзэ зимыlэ лъэпкъым и бзэр быдапlэм ирагъэщхьырт, ар къызэрыхухьа мывэкъалэр къызэтеуэмэ, лъэпкъым и lэпкъ-лъэпкъри зэрызэпкърыхунур къагурыlуэу. Я гур итхьэщlыкlауэ ахэр лъэпкъым зэрыхуэлэжьар умыгъэщlэгъуапlэр иlэкъым, я гуащlэдэкlым къыдгуригъаlуэри зыщ: нэгъуэщl мыхъуми, дэтхэнэ зыми тхузэфlэкlыр анэбзэр хъумэным хуэтщlэн зэрыхуейрщ.

Дунейр зы щытыкlэ бзаджэ итщ, ЮНЕСКО-м тхьэмахуитl къэс зы бзэ е псэлъэкlэ лlэужьыгъуэ гуэр кlуэдыжу щыжиlэкlэ. Къызэралъытамкlэ, цlыху цlыкlур зэрыпсалъэ бзэхэр миниблым нызэрохьэсри, абыхэм я ныкъуэр кlуэдыжынкlэ шынагъуэ яlэщ. Гухэщlщ, ауэ адыгэбзэри ящыщщ щыхупlэм екlуалlэ бзэхэм... Зы псалъэ бзэм щыхэкlуэдыкlыжым деж гузэвэгъуэщ, бзэр кlуэдыжмэ, цlыхугъэм къыхуихь насыпыншагъэр дауэ къызэрыплъытэнур? Пфlэкlуэда бзэр зэрызэфlэбгъэувэжын дуней мылъку щыlэу фlэщ щlыгъуейщ. Къаlэтыжауэ бзэ зыбжанэм я гугъу ящlу зэхэтхми, lэмалыншэу уогупсыс: кlуэдауэ зэрамыгъэпэщыжар сыт хуэдиз, жыпlэу... Бзэщlэныгъэлl Вильгельм Гумбольдт ауэ сытми жиlатэкъым бзэм псалъэ 32-рэ фlэкlа хэмытми, ар цlыху цlыкlум я зэхуэдэ фlыгъуэшхуэу зэрыщытыр, дунейр къызэригъэщlрэ нобэм къэсыху къакlуа гъуэгуанэр щызэфlэбгъэувэжкlэ, арыншэу нэсу а тхыдэр къызэрыпхуэмыхутэнур...

Ауэ сыт хуэдиз шынагъэ щыlэми, адыгэбзэр зэрыпсэунум, блэкlам къызэрыхэмынэнум гугъапlэхэр худэзыгъэщl щхьэусыгъуэхэр диlэщ. Ди нэгу щlокl адыгэбзэр иджырей технологие lэмалхэмкlэ зэрагъэкlуэну щlалэгъуалэр зэрыхэтыр, пщlэ хъунухэмкlэ зэусэжурэ утыкушхуэхэр зэрыхузэхашэр. А lуэху дахэр зэщlэхъееныгъэ псо ирикъунущ, дэ тщыщ дэтхэнэ зыми и гуащlэ хилъхьэмэ, хузэфlэкlкlэ акъыл дэгуашэм хыхьэмэ. Гукlэ къэтщтэн, псэкlэ зыхэтщlэн хуейщ сыт хуэдэ гукъэкlри, ар ди lэм илъщ.

Нэхъ мащlэ дыдэу тхузэфlэкlынур lуэхур ди деж къыщедгъажьэу ди щlэблэм адыгэбзэкlэ депсэлъэнырщ, хэлъ фlыгъуэ псори ахэр цlыкlу щlыкlэ захедгъэщlэнырщ. Анэбзэр ди унагъуэхэм щыlумэ, лlакъуиблкlэ дэlэбейрэ адэжь-анэжьхэм я цlэхэр къраlуэурэ зэрагъэпсэуам хуэдэу, ди япэ итахэм я хьэкъыр еттынущ, лъэхъэнэхэри зэтпхыурэ щыlэныгъэм дызэрыхэмыкlуэдыкlыжынумкlэ фlэщхъуныгъэ дэтхэнэми диlэ хъунущ. Бырсей Умари, Нэгумэ Шори, Хьэтlохъущокъуэ Къазии зыщlэхъуэпса псори нахуапlэ хъумэщ, ди къэкlуэнумкlэ гугъэзагъэ щыдгъуэтынур. Сыт хуэдиз гугъуехь пымылъми, абыхэм кърахьэжьа lуэху щlагъуэхэм къапытщэмэщ ди щlэблэхэмкlэ ди пащхьэ илъ къалэнхэр зэщlа щыхъунур.

Илъэсым къриубыдэу адыгэбзэмрэ лъэпкъ тхыбзэмрэ я махуэр зэ догъэмэхуэщl. Махуэщl щlыхахыр ар зращlэкl lуэхугъуэмкlэ гуныкъуэгъуэ гуэр зэрыщыlэр цlыхухэм кърагъэщlэн щхьэкlэщ. Дэ, адыгэхэм, пэж дыдэу, ди адыгэбзэм ехьэлlауэ гумэщlыгъуэхэр диlэщи, абы хуэтщlэфам, хуэдлэжьыфам, хузэфlэтхыфам ехьэлlауэ къыдэхъулlахэр щызэхуэтlуэтэж махуэу хъуну сыщогугъ гъатхэпэм и 14-р. Сыщогугъ ди щlэблэм адыгэбзэ зымыщlэ къахэмыкlыну, сыщогугъ абы нэхъ лъапlэныгъэ зэрыщымыlэр ди лъэпкъэгъухэм псоми зэхащlыкlыну, сыщогугъу ар уэим зыщl, абы и зи щlыб хуэзыгъазэ, абы къытехьэ лейр къызыфlэмыlуэху къытхэмыкlыну. Дыкъэзыгъэщlа Тхьэшхуэр бзэуэ щыlэмкlэ мэпсалъэ, дэри ди гурыгъу-гурыщlэхэр Абы зэрыбгъэдэтлъхьэр къыдита анэбзэращи, ар къыдгурыlуэу дэтхэнэ зыри хьэкълы дыхуэхъуну сыщогугъ.

Жьэгум дэлъ мафlэр зэрызэхэдмыгъэкlыжым хуэдэу, анэ быдзышэм хэлъу Тхьэм къыдита бзэм и пшыналъэ макъри мыкlуэсэжыну, ар зэхэзыхын, зэхэзыщlыкlын, абы дежьуун дыхъуну, ди унагъуэхэри абы идз нурым дэфlэрафlэу щыlэну си гуапэщ.

**ТАБЫЩ Мурат.**

# Псэм пэгъунэгъу мэхъу

***Лъэпкъым щыщ дэтхэнэ цIыхуми фIыуэ илъагъун, пщIэ хуищIын хуейщ анэдэлъхуу Тхьэр къызэрыхуэупса, къыIурилъхьа бзэм. Апхуэдэу щытми, адыгэхэм къытхокI зи анэдэлъхубзэр зымыщIэ, абыкIэ мыпсэлъэф, анэбзэмкIэ екIуэкI псалъэмакъым хэмытыф. Ар узыгъэгузавэ Iуэхугъуэщ. НэгъуэщIуи къохъу язынызыкъуэхэм деж: ди анэдэлъхубзэр зыфIэхьэлэмэту зэзыгъащIэхэри мымащIэу щыIэщ. «Бзэмрэ псэмрэ зэтохуэ», - жиIэгъащ жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ икIи узэщIакIуэ Елбэд Хьэсэн. КъызэрытлъытэмкIэ, хамэ лъэпкъ щыщу уи анэдэлъхубзэр зэзыгъэщIар, абыкIэ къопсэлъэфыр уи псэми пэгъунэгъу мэхъу.***



ЗИ ГУГЪУ тщIыхэм ящыщщ ди къэралым и щыхьэр Москва щыпсэу Листенгорт Александр. Интернетым и Iэмал гъунапкъэншэхэр къигъэсэбэпу, а щIалэщIэм иджыблагъэ зыкъытпищIащ.

Александр 1993 гъэм Москва къалэм къыщалъхуащ. Курыт школ нэужьым абы ехъулIэныгъэкIэ къиухащ Торез Морис и цIэр зезыхьэ Москва къэрал лингвистикэ университетыр. Абы щIалэщIэм щиджащ ермэлыбзэр, испаныбзэр, инджылызыбзэр. Александр мы зэманым хамэ къэралыбзэмкIэ егъэджакIуэщ, зэдзэкIакIуэщ, диным ехьэлIа тхыгъэхэм я купщIэр къэхутэнми дехьэх. А унэтIыныгъэм теухуа и къэхутэныгъэхэр щызэхуихьэсыжащ дунейм къытригъэхьа и тхылъ зыбжанэм.

2024 гъэ лъандэрэ щIалэщIэр иужь ихьащ абхъаз-адыгэ бзэ гупым щыщ адыгеи псэлъэкIэр джыным. Абы и егъэджакIуэр Адыгэ Республикэм хыхьэ Пэткэу (Новая Адыгея) жылэм щыщ Иуанхэ Заретэ Долэтбий и пхъурщ. Къыхэдгъэщынщи, а егъэджакIуэ Iэзэм адыгэбзэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэщ, Адыгей къэрал университетыр ехъулIэныгъэкIэ къиухащ.

- Сэ сызэрыцIыкIурэ сфIэфIу содаIуэ шэрджэс пшыналъэхэм, зэрымыщIэкIэ срихьэлIэри фIыуэ слъэгъуауэ. Адыгэхэр, абыхэм я хабзэ дахэр псэкIэ спэгъунэгъу хъуащ хуэмурэ. ПщIэ хузощI фи лъэпкъ гупсысэкIэм, дуней еплъыкIэм, игъащIэ лъандэрэ къывдекIуэкI хабзэ екIум. Абыхэм щыгъуазэ зыщыхуэсщIащ «дунейпсо бэджыхьым», - къетх Александр. - Адыгэхэр адрейхэм факъыхэзыгъэщхьэхукI а фIыгъуэхэм нэхъыфIыжу сезышэлIэну къэслъытащ фи анэдэлъхубзэр, лъэпкъ тхыдэр. ФIыщIэ ин хузощI абыхэм ящыщ куэдым щыгъуазэ зэрызыхуэпщIыфыну адыгэбзэм сыхуезыгъаджэ бзылъхугъэм.

Апхуэдэ гупсысэхэр и гъуэгугъэлъагъуэу Александр джын щIидзащ адыгэбзэр. Илъэсым щIигъу зэманым къриубыдэу ехъулIэныгъэфIхэри зыIэригъэхьащ. Абыхэм я щыхьэт наIуэщ щIалэщIэр усэ тхыным зэрытегушхуар. Александр къитхуигъэхьащ и къалэмыпэм къыпыкIа усэхэм ящыщхэри, ахэр фи пащхьэ идолъхьэ.

* * *

**Шъуиорэдхэм сядэIузэрэ, сынэпс ткIопсыр**
**синэкIушъхьэм къечъэхыгъ,**
**ШъуибзэкIэ сыгущыIэзэрэ,**
**спсэ пшыгъэ къэнэфыгъ,**
**Шъунэгу сеплъызэрэ, сыгу лIэблэнэгъэрэ**
**лъэшынэгъэрэ зэрегъашIэ,**
**Шъуишъуашэ зыщыслъэзэрэ,**
**сыгу къэкIыжьы сиблэкIыгъэ гъащIэ**

**Шъуихабзэмр зэзгъэшIэзэрэ, дунайм**
**ишъыпкъагъэмрэ инапэмрэ сыIукIагъ,**
**Шъуикъашьо сыкъэшъозэрэ, цIыфыгъэм имашIор кьыхэсэгъанэ,**
**Шъуишхыныгъэ зэфэшъхъафыр зэзгъашIэзэрэ, IэшIугъэкIмэ ягъэбэжъур**
**къызгурыIуагъ,**
**Шъуихэкум сыщыIэзэрэ, шъуипшъэрылъ**
**лъапIэм сыIукIагъ**

* * *

**Мыщ ипщэмэ хымэ, пшахъомэ щэу,**
**Гъэмафэм ары пакIошъ осы къушхьэкIэ**
**мэжъужьырэп,**
**Адыгэгур осым фэдэу мы чIыгум екIурэп,**
**Шыгухэм итхыпхьэ къызыфэгъанэ.**
**Тэмыгъэр шхъуантI, жъогъо пщыкIутIу щыIэх,**
**Щэбзащэхэр адыгэ насып,**
**Адыгэ псалъэмэ джэмакъэр къапыIукIы -**
**Бзэр псаумэ, зыгорэм щэгугъыжьы!**

Афэрым, Александр! Уэ щIалэщIэм адыгэхэр дыпкъуэтщ гукIи псэкIи.

ЦIыхум и лъэкIыныгъэр, и къулеягъыр бзэуэ ищIэм я бжыгъэм куэдкIэ елъытауэ жаIэ. Ауэ щыхъукIэ, Александр псэ къулей зыбгъэдэлъ щIалэщIэщ. Апхуэдэ цIыхум и зэхэщIыкIыр нэхъ куущ, къэухьым и гъунапкъэхэри къыпхуэмылъытэнщ. Александр и щапхъэр гъуазэ яхурырехъу зи анэдэлъхубзэр зымыгъэшэрыуэфу, ар зыIурымылъу къэхъу щIалэгъуалэм.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

## Анэдэлъхубзэм теухуауэ

АДЫГЭБЗЭР адрейхэм куэдкIэ къащхьэщокI. Абы иропсалъэ Къэбэрдеишхуэмрэ Джылахъстэнеймрэ щыпсэухэмрэ Лабэ Iуфэ Iус беслъэней лIакъуэмрэ.

Псыжь адрыщIкIэ щегъэжьауэ хы Iуфэм нэс щыпсэу адрей адыгэ лIакъуэхэм я псэлъэкIэр абы мащIэу къыщхьэщокI. А бзэмрэ абы и диалект зыбжанэмрэ хэтщ макъ пIытIахэр, жьгъыжьгъхэр, бзэгупэмрэ бзэгу лъэдакъэмрэ къыщыхъу макъхэр. Абыхэм бзэр нэхъ къулей, дахэ ящI, ауэ хамэ лъэпкъ щыщхэм дежкIэ къэпсэлъыгъуейщ. Сэ къэхутэныгъэ пыухыкIа гуэри схуэщIакъым а бзэ телъыджэм ехьэлIауэ, ауэ сощIэ абыхэм къызэрыгуэкI, псоми зэдащIэ псэлъэкIэм нэмыщIи «щакIуэбзэ» (щIагъыбзэ) зэраIэр.

**КЛАПРОТ Генрих,**
*академик. 1807 гъэ.*

* * *

А БЗЭМ (адыгэбзэм) и макъэхэр апхуэдизкIэ телъыджэщ, зэмыфэгъущи, жьыбгъэр зэрыфийр, пщIащэр зэрыщхъыщхъыр, псы уэрым и даущыр, щIыр зэрыбауэр, псым хэлъ мывэджейхэр зэрызэнтIэIур, гур къызэреуэр, бзур зэрыбзэрабзэр зыхыбощIэ, абы ирипсалъэу щызэхэпхкIэ. Ар щыхьэт зытехъуэр зыщ: адыгэбзэр хуэщIащ дунейм и къэхъугъэ псори кърипIуэтэным.

**ТРУБЕЦКОЙ Николай,**
*урыс щIэныгъэлI. 1827 гъэ.*

* * *

АДЫГЭХЭР зэрыгурыхуэ защIэмрэ акъыл жан зэраIэмрэ тепщIыхьмэ, ахэр щIэх дыдэ ящIыхьэнут куэд щIауэ щIэныгъэ зиIэ лъэпкъхэм; абы щхьэкIэ псом япэ зыхуэныкъуэр тхыбзэщ, я нэр къыщызыпхъуэ хабзэ мыхъумыщIэхэри зыханэн хуейщ.

**БРОНЕВСКИЙ Семен,**
*урыс щIэныгъэлI. 1828 гъэ.*

* * *

ПАСЭРЕЙ кавказ лъэпкъыжь дыдэхэм ящыщщ адыгэхэр. Абыхэм я бзэр адрей кавказыбзэхэм псалъэкIи ухуэкIэкIи къащхьэщокI, я макъхэр апхуэдизкIэ къэпсэлъыгъуейщи, сэ сызыщыгъуазэ алфавитхэм псори къыпхуигъэтIэсэнукъым. Дэтхэнэ макъми къэпсэлъыкIэ зыбжанэ иIэщ, зы европеи бгъуэтынукъым ахэр къыхуэпсэлъыну.

**БЛАРАМБЕРГ Иоганн,**
*нэмыцэ генерал. 1834 гъэ*



# Гур зыхуеIэм Iэр лъоIэс

**КъБР-м и Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ Жабоевэ Замирэ лъэпкъкIэ балъкъэрщ, ауэ адыгэ фIэкIа умыщIэну ди бзэр ещIэ, уеблэмэ и къэпсэлъыкIэри апхуэдизкIэ къабзэщи, ди лъэпкъэгъухэм яхэбгъэгъуэщэфынущ. Абы, дауи, хъыбар щхьэхуэ иIэщи, нобэ фыщыдгъэгъуэзэнущ.**

*ЗАМИРЭ Шэрэдж районым хыхьэ Аушыджэр къуажэм къыщалъхуащ. Курыт школ нэужьым юрист хъуну щIэхъуэпсу хъыджэбзыр а Iэщ Iагъэм илъэситIкIэ хуеджащ. Арщхьэк Iэ зымахуэ гуэрым къыгурыIуащ уэрэд жыIэным и гъащIэр ирипхыну зэрыхуейр. Уемыплъэуэ, къэпщIэнукъым, жыхуаIэращи, ар щIэтIысхьащ Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмк Iэ и къэрал институтым. Абы щеджэуи уэрэд купщIафIэхэр итхын, игъэзэщIэн щIидзащ. Ар къызэрехъулIэм и нэщэнэу, зэман дэкIа нэужь, Замирэ Кавказ Ищхъэрэм и артистхэм лъэIукIэ зыкъыхуагъазэурэ уэрэд яхуитхъуащ. Мы зэманым ирихьэлIэу уэрэд 200-м нэблагъэ абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ.*

*Замирэ унагъуэ дахэ диухуащ, и цIэрыIуагъкIэ мынэхъ мащIэу, республикэм фIыуэ щалъагъу Хъусин Анзор (Бахъсэн районым и Куба къуажэм щыщщ). Адыгэ щIалэмрэ балъкъэр хъыджэбзымрэ Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмк Iэ и къэрал институтым щызэдеджащ. Къапщтэмэ, и утыку итыкIэкIэ Анзор еджапIэм щIэсу къацIыхуагъэххэт, «Амикс» уэрэджыIакIуэ гупым хэтурэ. ИлъэсипщI хуэдизкIэ зэрыцIыхуауэ итIанэщ абыхэм унагъуэ щащIар. Я мурадыр лъэныкъуитIымкIи къыщыдаIыгъащ. Дауэ къыдамыIыгъынрэт, Замири ар къыщыхъуа и унагъуэми адыгэбзэр хуиту ягъэшэрыуэрт. АтIэ сытыт къызыхэкIар гъунэгъу лъэпкъым я бзэр уэрсэру ящIэныр?! Ар тфIэгъэщIэгъуэну упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ уэрэджыIакIуэ бзылъхугъэм:*

- Хэкум къагъэзэжа нэужь, ди адэм и адэ-анэр Аушыджэр къуажэм къыщызэтеувыIауэ щытащ. Гъунэгъу псори адыгэт - занщIэу зэхущытыкIэфIхэр я зэхуаку къыдэхъуащ. Хэбгъэзыхьмэ, аращ адыгэбзэр тщIэным и къежьапIэ хъуар. Си адэ-анэр унэм щызопсалъэ адыгэбзэкIи балъкъэрыбзэкIи. Дэ зэшыпхъуитху дыхъуу дыкъэхъуащ, сощIэж, ди адэшхуэ-анэшхуэхэм я деж (си анэм и лъэныкъуэкIэ) Чыщбалъкъ къуажэм дагъакIуэу зэрыщытар, балъкъэрыбзэр зэдгъэщIэну. Ауэ, зэрыхъурати, езыхэм адыгэбзэ едгъащIэурэ дыкъэкIуэжырт. А зэманым лъапIэныгъэ щыIахэр нэгъуэщIт - адэ-анэм я жыIэр хабзэ пыухыкIат, лъэпкъ фIыгъуэхэми пщIэрэ щIыхь-рэ нэхъ яIэт.

**- Замирэ, иджы уэ езыр унагъуэшхуэ ухъужащ - сабиих фопI. Фи бынхэм сыт хуэдэ бзэра нэхъ ягъэшэрыуэр?**

- Унагъуэм адыгэбзэкIэ нэхъыбэрэ дыщопсалъэ, ауэ сэ езым сощIэ ди анэр балъкъэрыбзэкIэ къыдэмыпсалъэмэ, ар тIэщIэхужыпэнкIи хъуну зэрыщытар. Абы къыхэкIыу, балъкъэрыбзэри зэраIурыслъхьэным сыхущIокъу. Нэхъ гугъур дэтхэнэра жыпIэмэ, пэжыр жысIэнщи, зэщхьэщыкIыныгъэ щIагъуэ иIэу си щхьэкIэ зыхэсщIакъым, ауэ ар бзэм срипсалъэу сыкъызэрыхъуар арагъэнщ зэлъытар. Уеблэмэ «адыгэ акцент» сиIэу пхужыIэнущ. Уегупсысмэ, балъкъэрыбзэр нэхъ тыншщ. Ауэ, къызэрыхэзгъэщащи, сабийхэм адыгэбзэр нэхъ къащтащ. Си щхьэгъусэри сэри дыхущIокъу ди нэхъыжьхэм къытхалъхьа хьэл-щэн нэхъыфIхэр ди щIэблэм зэрабгъэдэтлъхьэнум. Сэ сыт щыгъуи унагъуэшхуэм сехъуапсэу щытащ, дэ езым хуэдэу куэд дыхъуу, дызэгурыIуэ-дызэдэIуэжу. Ди унагъуэм щынэхъыщхьэщ нэхъыжьым пщIэ хуэщIынымрэ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я хабзэхэр къэлъытэнымрэ. Сабийхэр иджыпсту куэдым дехьэх зэрызаужьыным и лъэныкъуэкIэ - щIалэ нэхъыжьитIыр футболистщ, хъыджэбз цIыкIухэм псори яфIэгъэщIэгъуэнщ - дэным къыщыщIэдзауэ къафэхэмрэ гимнастикэмрэ щыщIэкIыжу. НэхъыщIитIыр иджыри цIыкIуIуэщ, зыхуейр къагурыIуэн хуэдэу.

**- ЗэрытщIэщи, Анзоррэ уэрэ зэгъусэуи уэрэдхэр жывоIэ. «Насып гъуэгу», «Дыщэ Iэлъын», «Си нэ дахэ», «Дызэрызу» - зым нэхъри адрейр нэхъ дахэщ. Ахэр хэт зи IэдакъэщIэкIыр?**

- Зэгъусэу адыгэбзэкIи балъкъэрыбзэкIи уэрэдхэр догъэзащIэ. Зи цIэ къипIуахэри сэ езым стхыжащ.

**- Ди зэманым унагъуэм зэгурыIуэ илърэ насыпыфIэу щытыным щэху гуэрхэр хэлъ?**

- Уи унагъуэр нэгъуэщIым иумыгъапщэу, Интернетхэм щагъэлъагъуэ «трендхэм» уакIэлъымыжэу, унагъуэ бухуэным жэуаплыныгъэшхуэ зэрыпылъыр къыбгурыIуэу упсэуныр иджыпсту насыпышхуэу жыпIэ хъунущ. Интернетым дахэу щагъэлъагъуэ зэхущытыкIэхэмрэ зэщхьэгъусэхэм я зэхуаку дэлъ лъагъуныгъэр къызэрагъэлъагъуэ щIыкIэмрэ цIыхухэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, егъэжакъуэ. Езыхэми апхуэдэу къахущытыпхъэу ягъэув, ауэ а зэхущытыкIэхэм лэжьыгъэшхуэ ехьэлIэн зэрыхуейр ящогъупщэ. Сэ сызэреплъымкIэ, унагъуэм исхэм щхьэж и Iуэху зэрихуэжу щымыту, зэгъусэу я къэкIуэнум щегугъурщ псори къащехъулIэр.

*...Анзоррэ Замирэрэ я унагъуэ дахэр, шэч хэмылъу, щапхъэ зытрахщ. Зэщхьэгъусэхэм я бынхэр ящIыгъууи утыку къохьэ, республикэм щекIуэкI Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэпымыууэ ирагъэблагъэ. Къыхэгъэщыпхъэщ, Хъусинхэ нэгъабэ зэрыщагъэлъапIар Налшык къалэм Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ и центрым зэмылъэпкъэгъухэм я унагъуэхэм теухуауэ къызэрагъэпэща зэхыхьэм. ЗэIузэпэщу, лъэпкъитIым я фIыгъуэхэр яхъумэу, щIэблэ хэкупсэ къагъэхъуу унагъуэр къэгъуэгурыкIуэну ди гуапэщ.*

*Епсэлъар*
**БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

# Едвмыгъэплъ тхьэмыщкIафэ

**Анэдэлъхубзэм теухуауэ щыIэ гурыгъузхэр мащIэкъым, ар хъумэным, зегъэужьыным, щIэблэм шэрыуэу яIурылъыным теухуауэ жаIари ятхари мащIэкъым. БзэщIэныгъэлIхэми адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэми абы хуэгъэза я гупсысэхэр куэдрэ утыку кърахьэ. Абыхэм ящыщщ Лэскэн районым хыхьэ Урыху къуажэм дэт курыт школ №2-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ илъэс 30-м щIигъуауэ щезыгъаджэ Мэрзей (Нот) Зое и еплъыкIэр.**

- ДЭТХЭНЭ егъэджакIуэри сабийхэм я пащхьэ къыщихьэкIэ, дауи, къалэну зыхуегъэувыж и предметымкIэ зы щIэ гуэр а сыхьэтым къриубыдэу ябгъэдилъхьэну. Ауэ адыгэбзэмкIэ езыгъаджэм и пщэ къыдэхуэр куэдкIэ нэхъыбэщ. Дэтхэнэ зы дерсри хуэунэтIауэ щытын хуейщ сабийр къэзылъхуа адэ-анэм, лъэпкъым яхуэпэжу, и бзэр фIыуэ илъагъуу, хэкупсэу къэгъэхъуным. Си предметымкIэ щIэныгъэ естым къыдэкIуэу, сэ сытым дежи сыхущIокъу анэдэлъхубзэр лъэпкъыпсэу зэрыщытыр ныбжьыщIэхэм зырызыхезгъэщIэным. Адыгэбзэр щезгъэджкIэ ар си къалэн нэхъыщхьэу къызолъытэ.

«Зи бзэр зымыщIэр - бзагуэщ, зи тхыдэр зымыджыр - нэфщ», - жаIэ. Анэдэлъхубзэр гъащIэм къыщымысэбэпыну къэзылъытэ цIыхур жыжьаплъэкъым. Ар ещхьщ езыр зытес къудамэр пызыупщIыжым. Апхуэдэ цIыхухэм акъылышхуэ яIэу схужыIэнукъым. Абыхэм къагурыIуэркъым я бзэм мыхьэнэншафэ ираплъыжыху, езыхэм тхьэмыщкIафэ къазэрытеуэр. СыткIэ итIанэ апхуэдэ цIыхум узэрыщыгугъынур?

Сыт и лъэныкъуэкIи сабийм и зэфIэувэныгъэр, зыужьыныгъэр къыщежьэр унагъуэращ. И анэдэлъхубзэм и мыхьэнэр абыхэм зыхезыгъэщIэн хуейр я адэ-анэрщ, адэшхуэ-анэшхуэрщ. Сабийм бзэм хуиIэ лъагъуныгъэм унагъуэм лъабжьэ щигъуэтмэ, егъэджакIуэм зригъэубгъуфынущ. Нобэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, абы егугъур мащIэ дыдэщ. Сабийм псэлъэн зэрыщIидзэу, телевизорыр хущIэбгъанэрэ, хамэ таурыхъхэм ебгъэплъкIэ, ебгъэдаIуэкIэ сыт хуэдэ зыужьыныгъэ игъуэтынур, сыт зыхуигъэсэнур? Пэжщ, тынш къыщIэкIынщ - сабийр тоу, анэм и Iуэху ещIэж. Апхуэдэ куэд нобэ гъащIэм щыболъагъу. Языныкъуэхэми къащохъу абыкIэ урысыбзэр нэхъыфIу ящIэну. Сабийр урысыбзэкIэ уэршэрыф къудеймэ, я быныр губзыгъэ хъуауэ я гугъэжщ. Пэжщ, урысыбзэри



тщIэн хуейщ, сыту жыпIэмэ абыкIэ хэша дохъу дунейпсо щIэныгъэм. Ауэ абыкIэ зэфIэкIыркъым. «Адыгэбзэр зэзмыгъащIэу, урысыбзэр сщIэн слъэкIакъым», - жиIакъэ КIыщокъуэ Алим. Дэтхэнэми и бзэр, и къежьапIэр ищIэн хуейщ, зыужьыныгъэ иIэн, псэкIэ къулей хъун щхьэкIэ. Ар адэ-анэм фIыуэ къагурыIуапхъэщ. СыткIэ зэран къыхуэхъуну, сабийм адыгэ таурыхъ укъыхуеджэмэ е адыгэ къебжэкIхэм щIэбгъэдэIумэ, ахэр ебгъащIэмэ?

АдыгэбзэмкIэ экзамен зэрамытыжым и зэран къыдокI. СощIэ мыбыкIэ куэд арэзы къызэрыздэмыхъунур, ауэ, итIани, жысIэну сыхуейщ - ар къапэщылъу щытамэ, нэхъ егугъунут. Дерсу еттыр яфIэмащIэу, пщIэ щIатурэ, егъэджакIуэ къыхуалъыхъуэурэ ирагъэджэнут я быныр. НэгъуэщIу хъунукъым, лъэпкъыу дыщыIэну, зытхъумэжыну дыхуеймэ.

ЕгъэджакIуэхэми яхуэгъэзауэ жысIэну сыхуейщ: «зыри диIэкъым, зыри къыддэIэпыкъуркъым, адыгэбзэр кърадзэркъым», жытIэу дытхьэусыхэу дытIысыж хъунукъым. КъыдгурыIуэн хуейщ я анэдэлъхубзэр яIурылъу щIэблэр къэхъунымкIэ къалэнышхуэ ди пщэ къызэрыдэхуэр. Бзэ зимыIэж лъэпкъыр щыIэжкъым. Ар зыщыдывмыгъэгъупщэ.

ЗэрытщIэщи, адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ хухах сыхьэт бжыгъэм Iэмал къыдитыркъым а предметхэр нэгъэсауэ джынымкIэ. Никъусаныгъэу абы къишэр нэхъ мащIэ тщIын мурадкIэ мыхьэнэшхуэ идот классщIыб лэжьыгъэм. ЕджапIэм къыщызэдгъэпэщащ драмэ гупжьей. Абы къекIуалIэ сабийхэм дадолажьэ я псэлъэкIэр, зыIыгъыкIэр нэхъ зэпэщ зэрыхъунымкIэ, литературэм, лъэпкъ тхыдэм пэгъунэгъу зэрытщIыным дыхущIокъу. ТхакIуэхэр, усакIуэхэр я щхьэкIэ къацIыхуну яфIэфIщ еджакIуэхэм. Ахэр зыхэт пшыхьхэр къызыдогъэпэщ.

Икъукlэ узыщыгуфIыкI хъун лэжьыгъэщ ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ хасэм иригъэкIуэкIхэр. Бзэр, хабзэр хъумэнымкIэ къызэрагъэпэщым щIэ щIэткъым, фIыщIэрэ щытхъуу яхуэмыфащэ щыIэкъым хасащхьэм хэтхэмрэ абы и тхьэмадэ Табыщ Муратрэ. Мыхьэнэшхуэ иIэщ а хасэм къызэригъэпэщ, адыгэ ныбжьыщIэхэм я театр, джэгурэш зэхыхьэхэм, тхылъеджэ зэхуэсым. Ахэр икъукIэ узыгъэгуфIэщ, IэмалыфIщ бзэм и IэфIыр, дахэр зыхащIэнымкIэ. Дэ блэдгъэкIыркъым абы и зы зэхыхьи.

Лъэпкъыр егъэфIэкIуэнымкIэ, хабзэр IэтынымкIэ, бзэм зегъэужьынымкIэ нэхъыжьыфIхэри, адэ-анэхэри, егъэджакIуэхэри дызэкъуэувэу ди къару псори етхьэлIэмэщ ехъулIэныгъэ дыщиIэнур.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# Тхыпхъэхэр къэзыгъэIурыщIэ

***Макъшей Алия Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым дизайнымкIэ и колледжым графикэ дизайным щыхуеджащ. Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтым культурологиемкIэ и къудамэм щIэныгъэ щызэригъэгъуэтащ. ДизайнымкIэ колледжым щрегъэдж дизайнымрэ графикэмрэ, ди лъэпкъ тхыпхъэхэмкIэ гъэщIэрэщIа фэилъхьэгъуэхэр ед, куэдым ягу ирихьу, щIэупщIэ иIэу. Пщащэр адыгэ-балъкъэр унагъуэм къыхэкIащ. И IэщIагъэм тыдогъэпсэлъыхь Алия.***



**- Адыгэ тхыпхъэхэмкIэ гъэщIэрэщIа щыгъынхэр дыным ухуэзыша гупсысэм и гугъу къытхуэщIыт.**

- Футболкэхэм сэ езым къэзгупсыса принт тесщIыхьыным зыкъом щIауэ сегупсысырт. Зэгуэр, си студентхэм я диплом проектхэм дыщелэжьым, хэдыкIыным зеспщытыным нэхъ тезгъэщIэну сегупсысащ. Сыхуейт си принтыр зытет фэилъхьэгъуэхэр темыкIыжу, темылъэфу, фагъуэ мыхъуу нэхъыбэрэ зэрахьэнуи, хэдыкIыным сыкъытеувыIащ. ИтIанэ и ужь сихьащ зэрыдэ машинэкIэ щыгъыныр зэрыхадыкIым и Iэмалхэр къэгъэIэкIуэлъэкIуэным. ЯпэщIыкIэ сыкъытеувыIащ лъэпкъ тхыпхъэхэр хэдыкIыным. Сыту жыпIэмэ, сэ Кавказым ис лъэпкъхэм я щыIэкIэ-псэукIэр спэгъунэгъущ, аращ нэхъыфIу зыхэсщIыкIри сызэсари. Зыкъомрэ къэслъыхъуащ тхыпхъэхэр зытесщIэну фэилъхьэгъуэ хьэзырхэр. Ауэ сыт? Е я дыкIэр сигу ирихьыртэкъым, е щэкIыр мыхьэнэншэт. Апхуэдэу щыхъум, пщыгъыну тыншу, и дыкIэр щIэщыгъуэу свитшотхэр здыну сигу ислъхьащ. Абы папщIэ щэкIыр хэплъыхьауэ къыхэсхащ, япэ свитшотхэр ддащ, хэдыкIри къызэрыдэхъулIэми гу лъыттащ. Тхыпхъэхэр Iэщхьэм нэхъ езгъэкIуащ. Свитшотхэр джанэ теплъэр яIэу дащ, лъэпкъ тхыпхъэр и Iэщхьэм хэдыкIащ. Апхуэдэ фэилъхьэгъуэр бзылъхугъэхэм ягу ирохь, пщыгъыну тыншщ, лъэпкъ гупсысэри дэщIыгъущи. Бзылъхугъэ джанэм и Iэщхьэр тIэкIу хуэкIыхьу дод - ар адыгэ фащэм и Iэщхьэпылъым тIэкIу хуэдгъэкIуауэ.

**- Бзылъхугъэ фэилъхьэгъуэхэр иджырей зэманым къыбогъэкIу...**

- Адыгэ фащэм и пкъыгъуэхэр, дамыгъэхэр, и дыкIэр уи нэгум щIэту фэилъхьэгъуэ бдыныр IэмалыфIщ. Гу зэрылъыстэмкIэ, иджырей щIалэгъуалэм лъэпкъ щэнхабзэр яфIэгъэщIэгъуэнщ, абы теухуауэ нэхъыбэ ящIэну, дамыгъэхэм, тхыпхъэхэм къарыкIыр къагурыIуэну хуейщ. Ар си щхьэм илъти, сегупсысащ махуэ къэс тыншу щыбгъэгъыну къезэгъ ди свитшотхэм фащэм и бгъэIулъым къытещIыкIа тхыпхъэхэр хэддыкI зэрыхъунум - ари зы фэилъхьэгъуэ лIэужьыгъуэщ. Сыт ди щыгъынхэм дахэу, екIуу хэлъыр жыпIэмэ, тхыдэмрэ иджырей зэманымрэ зэрызэрипхырщ. Абы щыгъуэми, блэкIам и пщIэр игъэкIуэдыркъым - ар псэукIэм кърегъэзэгъ. ХэдыкIыным икъукIэ сыдехьэх, зэман текIуадэ пэтми абы гугъу сригъэхьу схужыIэнукъым, си псэр зэригъэтыншыр нэхъыбэщи.

**- Уи фэилъхьэгъуэхэр зыIэрыхьэхэм къазэрыщыхъур...**

- Свитшотхэм щIэупщIэ яIэщ, куэдым ящэху, зэпымыууэ дод ахэр. Нэхъыбэм зыгуэрым хуэупсэну къащэхури, абыи хызолъагъуэ гуапагъэ. НэхъыфI дыдэу ялъагъухэм си фэилъхьэгъуэхэр зэрыхуагъэфащэр лъапIэщ си дежкIэ. ЩэхуакIуэхэм псалъэ дахэ, хъуэхъу куэд къызжаIэ, къысхуатх. Аращ аргуэру коллекцэщIэхэр згъэхьэзырыну гукъыдэж къызэзытыр.

**- Мы зэманым сытым уелэжьрэ?**

- Солэжь лъэпкъ тхыпхъэхэр зыхэдыкIа щIыIутелъхэмрэ «лонгслив» жыхуаIэ плIэ IэщхьэкIыхьхэмрэ дыным. ЦIыхухъу фэилъхьэгъуэхэр дынми зетпщытыну къыщIэкIынущ мыгувэу, абыи куэд къыщIоупщIэри.

*Епсэлъар*
**ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

# ЗригъэщIащ зы илъэсым



**«Лъэпкъым и хъуахуэр анэдэлъхубзэщ», - жиIэрейт си анэшхуэм. Сэри апхуэдэущ къызэрыслъытэр. Ди адыгэбзэр бгъэбзэрэбзэху нэхъри купщIафIэу къызэрокI. ЩIэныгъэлI куэдым зэрыжаIащи, бзэ куэд пщIэныр фIыщ, ауэ уи анэдэлъхубзэр псом нэхърэ нэхъапэщ. Зыми ейм темыхуэ ди бзэр щIэныгъэлI куэдым яджащ, хамэ лъэпкъ къыхэкIауэ ди бзэр, япэхэми хуэдэу, зэзыгъэщIахэри гъунэжщ.**

ШЭДЖЭМ къалэм дэт курыт еджапIэ №2-м и ебгъуанэ классым щеджэ Маслов Денис урыс лъэпкъым къыхэкIами, адыгэбзэм уэрсэру иропсалъэ.

- Москва япэ классыр къыщызухащ, етIуанэ классым къыщыщIэдзауэ мы школым сыкъыщIагъэтIысхьащ. Си адэ-анэр лъэпкъкIэ урыст, ахэр зэбгъэдэкIыжа нэужь, адэ схуэхъуа Борэн Руслан и адэ-анэм сыкъыхуагъанэри, си анэмрэ абырэ Москва ягъэзэжащ лэжьакIуэ. Абы лъандэрэ илъэсий мэхъури, адэшхуэ-анэшхуэу къэслъытэхэм я гъусэу сопсэу. Си къуэш цIыкIухэмрэ сэрэ телефонкIэ дыщызэпсалъэкIэ адыгэбзэкIэ дызэдоуэршэр. Адыгэбзэр, си гум дыхьэу, зы илъэсым къриубыдэу зэзгъэщIащ. Школым къыздеджэхэми сазэрепсалъэр адыгэбзэщ. Си классэгъухэм ящыщ урысыбзэкIэ щызэпсалъэм и деж согъэщIагъуэ. АдыгэбзэкIэ диIэ дерсхэми сфIэфIу сыщIэсщ, усэхэр зызогъащIэ, тхыгъэхэми сыкъоджэ. Сызыбгъэдэс нэхъыжьыфIхэм хабзэм, нэмысым, нэхъыжьым пщIэ хуэщIын зэрыхуейм ехьэлIауэ куэдым сыщIагъэдэIу. Москва хьэщIапIэ сыщыкIуэхэм деж, абы щыIэ си ныбжьэгъухэм адыгэбзэм сыщрипсалъэкIэ гъэщIэгъуэн ящохъу, зэзыгъэщIэну хуейхэри яхэтщ. Бзэр фIыуэ згъэшэрыуэ сызэрыхъуам срогуфIэ, - жеIэ Денис.

КIыщокъуэ Алим и усэхэу «Адыгэбзэр зэзмыгъащIэу...», «СыкIуэнт нэхъ псынщIэу схузэфIэкIым» гукIэ ар къызэрысхуеджари хуабжьу си гуапэ хъуащ.

Сэ сыкъапщтэмэ, сытым дежи си гум щызгъафIэщ «Адыгэбзэр зэзмыгъащIэу» жыхуиIэр. А псалъитIым кърыгъэкIащ тхакIуэм и анэдэлъхубзэм пищI зэрыщымыIэр, и псэр и лъэпкъыбзэм зэрыхэлъыр.

НэгъуэщI лъэпкъым къыхэкIахэм ди бзэр зэрагъэщIэну яужь зэритыр гуапэщ. Ауэ ди лъэпкъым щыщу, езым ейр имыщIэжу, нэгъуэщIым и лъэпкъыбзэр, и хабзэр къэзыщтэну хущIэкъуухэр зэрыщыIэми уегъэгумэщI.

**НЭЗРЭН Раисэ.**

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.267 • Заказыр №493

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А